

Marwadzo Okubereka

Phoenix, Arizona, USA
65-0124

1 Ngatikotamisei misoro yedu.

Mwari Anodikanwa, tinokutendai zvikuru zuva ranhasi nokudururwa kunoshamisa KweHupo Hwenyu, pakati pedu, nechekare. Uye tirikutarisira zvinhu izvi, zvinopfuurira, nokuwanda, masikati ano. Tinokutendai nokuda kwerwiyo rwakanaka kubva kumudzimai WeChikristu akanaka achangobva mukuimba rwiyo urwu; uye NoMweya Wenyu waburuka, uye nedudziro yazvo. Ishe, ngazvive sekudaro, tinonamata. Uye, Mwari, ndinonamata kuti Muropafadze umwe noumwe wedu, uye dai moyo yedu yazadzwa nomufaro patinoona zvinhu izvi zvichiitika. Mwari Anodikanwa, tinonamata, masikati ano, kana pane vamwe pano vasati vagadzirira kusangana Nemi, dai nguva ino yava nguva yavanotora sarudzo iyi yokugumisira uye vagopinda Mamuri, kuburikidza nokuberekwa kutsva. Ngazviitwe.

Ropafadzai tose, Ishe, tafamba munzira iyi kwenguva refu. Tinonamata kuti Mutidzidzise zvinhu zvitsva kuburikidza NeShoko Renyu. Mutipe kunzwisisa kurinani kuburikidza NeMweya Wenyu, Ishe. Ngaaburuke Iye uye adudzire Shoko. Mududziri Woga watinaye ndiye Mweya. Tinonamata kuti Iye Uchatitira zvinhu izvi, nhasi. Tinokumbira zvinhu izvi Muzita RaJesu.Ameni.

[Mharidzo yakapihwa nemumwe muvateereri.]

2 Zvakatiringana. Inguva yakanaka zvakadii! Handizivi imwe nzvimbo irinani yokuva, kunze kwokunge kwatova Kudenga, nokuti tirikunzwa chizoro Cheko ikozvino, maona, tigere pamwechete munzvimbo DzeDenga muna Kristu Jesu, kuungana munzvimbo DzeDenga.

Mwari Aropafadze Vahanzvadzi Florence! Uye varikupindana nenguva dzekusuwa, uye dzine rima; baba vavo vachangobva mukushaika. Uye Ndino-Ndinonamata kuti, "Mwari, Ropafadzai mwana uyu."

Uye nehama Demos, vaine mutoro pamapipito ose, uye nemutoro wemisangano ino nezvakawanda. Vanoda minamoto yedu, zvakare. Mwari Aropafadze Hama Shakarian!

Hama Carl Williams, Ndinofara zvikuru kuva pano mumusangano uno pamwechete nemi, kuva pakati pehama dzakanaka idzi. Uye ndava nomukana wekuzivana nedzimwe dzehama idzi. Zvinhu ichi ndicho chikamu changu chokupedzisa nacho shumiro, sokuziva kwandiri kuita, naizvozvo, munoziva, ndinotarisa zvino kukwanisa kuzokwazisana maoko navamwe vevarume vakanaka ava, uye- uye ndigogona kuvazivawo, nokuti ndinotarisa kugara Zienda-nakuenda pamwechete navo, mune iyo-mune iyo Nyika irinani.

3 Zvino ndinoda kutaura chimwe-chimwe chinhu chiduku, ndinovimba handizotadzi kunzwisiswa. Uye aisangova masanga zvawo, handifungi kudaro, nekuti ndinofunga zvaiva zvakapiwa kuva saizvozvo, mukuti nezuro ndakapiwa chipo neshamwari iripano, kubva kushamwari yangu, Danny Henry. Ndiye mukomana uya. . . Rimwe remazuva mumusangano we Christian Business Men munzvimbo ye California, ndaiva ne- nemusangano. Ndaitaura zvinesimba kwazvo ndichipesana ne —nechinhanho chenguva dzino. Uye ndino—ndinovimba kuti munhu wose uchazvinzwisisa, kwete kuti ndine chakaipa mumoyo mangu. Hazvirevi izvozvo. Kwete. Zvirokwazvo muchanzwisisa kuti handirevi izvozvo. Asi ndinofanira kutaura bedzi izvo zvinounzwa kwandiri kuti nditaure.

Zvino mushure mazvo, mujaya muduku uyu, hama yechiBaptist iyi. . . Uye ndinofunga ane hukama neimwe nyanzvi yezve mabhaisikopu. Uye iye wakauya kwandiri ndookundimbundira noruoko rwake, achida kuti, "Ishe Vakuropafadzei, Hama Branham. Ndinoda kungonyengetera shoko remunamato." Uye Iye akabva atanga kutaura mururimi rwechiFrench. Uye mukomana uyu haana kana shoko rimwe rechiFrench raanoziva. Zvino mumwe munhu wakasimuka, waiva mudzimai wakada sokuva nomhumhu wakati kurei. Waiva . . . Ndinotenda kuti mudzimai uyu waibva ku Louisiana. Mudzimai uyu ndokuti, "Rurimi urwu nderwe chiFrench." Pakavawo nomumwe murume necheuko , akati, " Rurimi urwu nderwe chiFrench." Uye vakanga vanyora pasi mashoko awa. Ndine rugwaro rwacho chairwo pano rwavakanyora. Uye mushure mazvo, zvakaitika kuti maive, nemujaya wechidiki akafamba kubva nechekumashure, uye achiuya kumberi, achida kuti aone zvavakange vanyora. Uye aiva mududziri werurimi rweFrench ku U.N. "Rurimi rweFrench chairwo."

4 Uye Ndinoda kuverenga rugwaro urwu. Rugwaro urwu ndirwo chairwo kubva kune mumwe wavo, uye rwabva muruoko rwemurume uyu akarwududzira. Ndinogona kukundikana kureva chaizvo zviri zita rake. Le Doux, Victor Le Doux, ndewe rudzi rwechiFrench muhuzaro hweropa, Zvino, hero shoko racho:

"Nokuti makasarudza nzira nhete, iyo nzira yakaoma; wakafamba nekusarudza kwako; wasarudza sarudzo chaiyo uye chaiyo, uye ndiyo nzira yangu. Nekuda kwesarudzo yakakosha iyi, chikamu chikuru chedenga chakakumirira. Chisarudzo chine mbiri sei chawakaita! Izvi pachazvo ndizvo zvichapa nokuita kuti zviitike kukunda kukuru murudo rwoumwari."

Ndakati ndachibata chinhu ichi . . . Munoziva, pandakatanga kunzwa vanhu vachitaura nendimi,

Ndakanga-Ndakanga ndisingagoni kutsoropodza kana chinhu chimwe zvacho, munoona, nekuti ndakazviona zviri zvechokwadi. Asi, nguva dzose zvaandinetsa. Asi pakaitika izvi, uye ndichiziva zvaiva kutumwa uku, seri kwazvo, Ndaka-Ndakazviziva kuti zvabva Kuna Mwari.

5 Zvino, mukoma wake agere pano uyu, anova-anova gweta chairo rinozivikanwa, wakandipa chipo kubva kuna Danny. Danny achangobva ku Nyika Tsvene. Uye akanga arere pabwiro, aiwa mubwiro, umo Jesu akaradzikwa mushure mekufa Kwake. Zvino akati adaro, anoti iye wakatanga kufunga nezvangu. Uye-uye Mweya WaShe Wakauya pamusoro pake, uye wakaenda kuGomo reCalvary uko kwakarovererwa Ishe, uye ndokutora dombo. Uye akadzoka uye ndokugadzira mabhatani anopfekerwa mumaoko eshati nedombo iri. Uye ndinomada zvikuru. Zvino, zvinhu izvi, pachokwadi, Danny haazvizive. Asi, mangwanani anhasi, ndiri kunze uko mumunamato, Ndangotarira mabhatani awa, uye rimwe nerimwe rawo, ukazvicherechedza, rine gwapa reropa, uyewo nomutaro wakatwasuka unopfuura napakati pawo ari maviri. Uyewo hezvo zvimwechete mushoko raakapa rakabva Kuna Mwari, pamusoro penzira yakamanikana, penzira nhete. Zvinotoredzerana sei, nemo-nemo! Ndangofunga kuti zvimwe zvakapiwa kuti zvine saizvozvo. Kana kuti, Ndinotenda zvikuru Danny. Mumutaurire, mukoma, kuti ndinozvitenda zvikuru.

Uye chinosham . . . Chimwe chinhu chinoshamisa, ndakabvunza mudzimai wangu mangwanani andakapfeka shati, nekuti ndaifanira kuipfeka ine mabhatani ekupfekera mumaoko ayo, uye akati, "Ndakakanganwa kuuya nemabhatani ekupfekera mumaoko eshati," naizvozvo Ishe Waiva namamwe Aakaita kuti ndigopiwa.

6 Oh, hupenyu hunofadza! Handizvo here, hama! [Ungano inoti "Ameni."-Ed] Kungofamba muhunyoro hwe-hweIvhangeri! Asi zvakadii, muhunyoro Hwaro, Ndicho Chinhu chikurusa chandinoziva. Handina chandinoziva neZvayo. Uyewo mukuti yakaitwa kuti Ive nehunyoro, ndakawana mukana wekupinda MaIri,munoona ,zvakare , NeNyasha DzaMwari.

7 Zvino, masikati ano, Handingadi kutora nguva refu, nekuti ndinoziva munoda kuzoenda kuma chechi manheru anhasi. Ndinofunga kuti, imi mose vaenzi vose mugotarira panzvimbo ino yose yekuparidzira, mugoona vashumiri ava, uye variku, oh, vangafare kuva nemi mushumiro dzavo manheru anhasi. Vachakuitira zvakana. Handipokane kuti maenda muguta kuzvidzidzo zveSvondo mangwanani anhasi. Zvino tichiva nemisangano ino, zvino uri weFull Gospel Business Men, Ndinofunga kuti tinofanira kupa rutsigiro rweedu rwose nekukwanisa kwedu kwose kumachechi edu, nekuti ndiko kunopinda vezvemabhizimusi. Uyewo, zvinoka, imba YaMwari, uye ndinovimba mune chechi yauchaenda manheru anhasi.

Mangwana manheru ndipo panovharwa musangano, Ndinotenda kudaro, uye ifungidziro yangu kuti vazivisa mushumiri wamangwana. Zvichireva kuti, ndinofanira kuva pano, Ishe Achitendera, kuti ndigonzwa mharidzo yake. Mwari Aropafadze umwe noumwe Wenyu.

8 Zvino, Ndiri, handipupuri kuti ndiri muparidzi. Ndiri-Ndiriwemhando yakango . . . Handina kudzidza kwakakwana kwekuti ndizvidaidze semuparidzi. Muparidzi, pa-notaura saizvozvo, vanotarisa kuti uve nemaDegree akatiwande kubva kukoreji. Uye-uye Ini handina chandinacho kunze kwemvimvimvi Iyi. Munoona? Ndinozama kutevera makwai anorwara, kana ndikakwanisa, ndiwadzore mumafuro aBaba.

Kana ndikakanganisa, mundiregerere. Handisi wefundho dzebhaibheri. Handishoropodzi vefundho dzebhaibheri. Fundho dzebhai- . . . Fundho dzebhaibheri dzakanaka. Ndizvo zvatintoda. Asi dzimwe nguva ndinotsoropodza chinhanho chatava machiri. Izvi hazvinangi pane mumwe munhu. Ingori mharidzo. Ndai-Ndaishuva kuti dai Yaisava yangu mukuigamuchidza. Inondibvarura kuva zvidimbu, nekuti munoziva kunzwira kwaunako.

Pamusoro pevana vako. Maona? Hamunzwiwo here kuvenga kurova mwana, kumukwidzira inzwi, kana chimwe chinhu? Ndiri mubereki, neniwo, uye ndinoziva zvazvinoreva. Uye Ndino- Ndinovimba kuti muchandiregerera.

9 Uye Ndinoda kuti mugoita sezvizvi. Pamunenge makagara, masikati ano, ndichakukumbirai mundiitire chinhu ichi. Ndine zvinyorwa zvipfupi, zvishoma zviripano. Sekutaura kwandamboita, Ndinofanira kuita sezvizvi, kunyora maGwaro angu pasi sezvizvi. Zvaisimboti, ndainokora bhaibheri nechemumoyo, asi handichagoni ikozvino. Ndakapindana nehondo zhinji dzakaoma, ndokuchembera mukuti handichazvigonni. Asi kuvimba kwangu kuti-kuti muchanditeerera kwenguva pfupi, masikati ano, uye mugozarura moyo yenyu uye mugozama kunzwisisa zvandicharovedzera pazviri. Kana zvararo ndinofunga kuti zvingave zviri nani, kunyanya vafundisi muguta rino nedzimwe nzvimbo dzakasiyana-siyana. Ndino-Ndinovimba kuti muchateerera zvikuru.

Zvino muchiita saizvozvo, muzviite somuitiro wangu kana ndichidya zingwa rangu randinofarira rinenge rakaputira nyama kana chimwe chinhu, zingwa rerudzi rweCherry. Imwe yenyama yandinofarira, nyama yehuku. Asi kana ndichidya chimedu chakanaka chezingwa rakaputira chimwe chinhu rerudzi rweCherry uye ndobva ndaruma pane mhodzi, Handibvi ndarega kuridya. Ndinongorasira kure mhodzi iya

ndoenderera mberi ndichidya zingwa iri. Maona? Ndikaruma bonzo rehuku; handirasi nyama yehuku. Ndinorasira bhonzo kure. Naizvozvo, kana ndikataura chimwe chinhu chausingawirirani nacho, panguva ipi zvayo? Chingokandira kure chikamu ichocho. Uyewo, asi, utange wachiongorora kwazvo, wogutsikana kuti ibhonzo, ipapo. Mazviona? [Ungano inoseka-Ed.] Uyewo regai nditi, kana iri Mhodzi, murangarire, Ndiyo inounza Hupenyu hutsva. Naizvozvo utarisise, uye Ishe Vakuropafadzei.

10 Hama Carl Williams vakataura chimwe chinhu humwe husiku hwakapfuura pamusoro pekusununguka, kuzonamatira vanorwara, chinova chinhu chakanaka. Ndinoziva kuti zvinozova zvinhu zvakanaka. Asi tino- . . . hatikomekedzwi zvedu kuva pano nokuda kwazvo, kuti tigova nemutsara wokunamatirwa. Uye Handizivi kana Hama Oral, kana imwe yehama idzi yakambovawo nemitsara yokunamatirwa mumisangano kana kwete. Handizivi. Ndakazviedza, ruviri kana rutatu. Asi, kazhinji kacho, mhomho inozvifarira, unotofanirwa kupa makadhi okunamatirwa, mazviona, kuti ugone kuzviita. Nekuti, haungazozvigoni. Haisi nzvimbo yedambe. Imba YaMwari. Maona? Yakakumikidzirwa izvozvo. Uyewo tino- . . . Vano manikidzirana nekusundana. Uye kana uine makadhi, unovamisa mumutsara, zvakarongeka.

Naizvozvo Billy wakandibvunza, akati, "Ndoenda here ndinopa makadhi? Vanhu vari kundivhunza nezve makadhi okunamatirwa."

Ndakamuti, "Kwete, Billy. Rega titendere Mweya Mutsvene Agoita ZvaAnoda kuita." Maona? Izvo, maona, uye tigoMurega zvimwe Aumbiridze kutenda, tingobva tatopodzwa tigere patigere. Maona?

Asi ku- . . . Maona? Kupodza KwaMwari chinhu chidiki MuIvhangeri. Uye haungarovedzeri pachinhu chidiki. Munhu wose anozviziva izvi. Asi ivo Vano- . . . Icho chirauro chinoshandiswa kubata vanhu vagone kutenda MuHupo HwaMweya, kana kuti HwaMwari, Icho CheMweya Chiripano. Uye nezvizvi, kuburikidza nazvo, kana vakagona kucherechedza HuVepo Hwake, zvino vanobva vapodzwa, maona, nokutenda, kutenda MaHwari.

11 Zvino ndinoda kuverenga chimwe chikamu kubva MuShoko RaMwari, iyo Testamendi Itsva. Uye Ndinoda kutora rugwaro kubva MuTestamendi Itsva, uye Gwaro iri, uye ndigotaura masikati ano pamusoro pechimwe chidzidzo kwe-kwenguva duku. Uyewo handidi kukuchengetai muri muno kwenguva ndefu nekuti kune shumiro manheru anhasi. Asi murangarire, Ndinovimba ndanyatsojekesa. Munyatso teerera kwechinguva, kana mukakwanisa.

Zvino, tisati tadaro, Ngatikotamisei misoro yedu zvakare. Munozivei, tinogona kuimba zvinopfuurira mwero. Tinogona kudaidzira zvakapfuurira mwero, dakara izwi rashoshoma. Uyewo tinogona kuimba panguva isiyo, kana kudaidzira panguva isiyo. Asi pane chinhu chimwechete, chatingagoni kupfuurira mwero pachiri ndipo pakunamata. "Ndaishuva dai vanhu vanamata kwose-kwose, vakasimudza maoko akarurama, vasina kupokana." Kana kuti . . .

12 Baba, mukana mukuru kwazvo wakawanikwa nemunhu anofa, wekugona kuvhara meso ake uyezve ozarura moyo wake, uyewo otanga kutaura Nemi. Uyewo tinoziva kuti Munotinzwa, kana isu tikangotenda kuti Imi Munotinzwa. Nekuti Jesu wakati, "Kana mukakumbira Baba chipi nechipi MuZita Rangu, muchachipiwa." Izvi zvakazorora pakuti, kana isu tikasapokana nazvo. Naizvozvo, Baba, Mutibatsire tigone kutenda, masikati ano, kuti tigamuchire zvikumbiro zvedu. Uyewo pasawanikwa kanoti n'ape kokupokana, papi zvapo. Asi dai zvazadziswa, izvo zvinhu zvatinokumbira.

Zvigoitirwa kuti, Mwari, Zita Renyu Guru kwazvo Rirumbidzwe nhasi, nokuunza Kwenyu MuHumambo Hwenyu mweya wose wakarasika uye mweya wose unotetereka urikunzwa ruzha rwenzwi rwedu, kana kuti tepi ino kwose kwaichaenda, kunze uko kunzvimbo dzavahedheni, kwose hako kwavangaenda pasi rino.

Ndinonamata, Baba VeDenga, kuti pasawanikwa ane hutera pakati pedu nhasi. Kana shumiro ichinge yapera, dai Ishe Mwari Ange Aponesa mweya wose wakarasika, uye nokupodza mutumbi wose unorwara, uyewo nokuzadza moyo yevana Venyu nomufaro. Chikonzero tiinako kutenda, Ishe, kwekukumbira MuZita RaJesu, KwaMuri Imi Mwari Baba Vedu, nokuti Iye Akavimbisa kuti WaiZotinzwa. Izvi zvinopa mbiri Kwaari. Amen.

13 MuIvhangeri yamutsvene Johani, chitsauko chegumi nemasere, pandima yemakumi maviri, Ndinoda kuverenga kuitira chi-chidzidzo. Ndinofunga ndizvozvo.

Uye handikumbiriri ava chete, asi naivo vachatenda kwandiri neshoko ravo;

Kuti....

Ndinotenda kuti handipo patinofanira kuverenga. Zvino, mundiregerere kwechinguva. Ndirikutsvaga munamato WaJesu uyo . . . Kana kuti, kwete munamato WaJesu, aiwa, asi kuitira . . . Ndinogona kunge ndanyora zvisizvo parugwaro rwangu. Ndeapo Jesu Akanamatira kuti . . . kana kuti Waitaura pamusoro pomudzimai anamarwadzo okubereka mwana wake, kubereka, kuberekwa kwomwana. Zviri muna Ruka here kana Johani? Jack, rwunowanikwa papi rungano urwu? [Mumwe munhu anotaura kuti Johani

chitsauko 16- Ed] Johani chitsauko 16. Ndafunga kuti ndizvozvo, asi hazvina kubuda seizvozvo. Johani chitsauko 16.[“Ndimu 21.”] Ndimu 21. [Mumwe munhu anoti “Hongu”] Chokwadi ndimu 21. Chokwadi. Tasvika zvino. Johani, Mutsvene Johani chitsauko 16 ndimu 21

Kuti vangave....

14 Kwete, Hama Jack, handizvo kwete. [Mumwe munhu anoti, “Edzai Johani ndimu ya21.” Mumwe oti, “21” Mumwe anoti, “ ndimu ya21 pachitsauko 16.” Mumwe anoti, “16.”- Ed.] Chitsauko chemakumi maviri . . . Chitsauko 16 ndimu 21. Ndawana Chitsauko 16 chaJohani , ndimu 21. Asi handi- . . . Ndavhiringika here? [Imwe Hama inoti, “ Regai ndikusvitsei, muverenge kubva munerangu.”] Zvakanaka, pane kuvhiringika kuripano, kuvhiringidzwa kwakaita bhaibheri randiinaro iri. Hongu Changamire. [Imwe Hama inoti, “ Vakari-Vakaridhinda zvisiriizvo.”-Ed.] Vakaridhindha zvisiriizvo. Hongu, Changamire.[Ungano inotanga kuseka.] Munozivei? Ndicho Chokwadi chaicho. Bhaibheri Iri Idzva. Ndichangobva mukuva Naro. Uye Rine- Rine- . . . Rakadhindwa zvisiriizvo. [Bhaibheri remhando yeScofield reHama Branham rakanga riine peji 1138 kuvimba nepeji 1139 zvakanamatidzana. Inzwai Zuva RaNhasi Gwaro Iri Razadziwa 65-0219.]

[Mubhishopu mukuru ari muprisita weChikatorike akanga akamira panzvimbo yekuparidzira, Rev.John S. Stanely, anouya mberi ndokupa Bhaibheri rake kuneHama Brahman, ndokupa ati, “Chingo-Chingotura hako befu. Chiripo chikonzero chazvaitirwa, uyewo unozviziva. Mari Achakuratidza chimwe chinhu ChaAnoda kubuditsa pane zvaitika izvi, chinhu chakanaka.”-Ed.]

Zvakanaka. [“Shandisai rangu Iri Hama.”] Ndatenda zvikuru. Chitsauko 16 ndimu 21. Ndatenda zvikuru. Ichokwadi. Kana mudzimai achinge . . . Zvirokwazvo, zvirokwazvo Ndinoti kwamuri,Kuti muchavata, mungudza, uye nokurira, asi nyika ichafara: uye muchava nokushushikana,kushushikana kwenyu kuchaitwa mufaro. Mudzimai kana aching-achinge ava namarwadzo okubereka anakushushikana, nekuti nguva yake yakwana: asi achingobva mukusununguka mwana wake, haacharangaririzve . . . kudzimbikana-kudzimbikana, nokuda kwomufaro wokuti mwanakomana aberekwa panyika.

Ndinotenda, zvikuru, hama yangu. Mazvirokwazvo ndinotenda. [Hama Brahman vanodzorerera Bhaibheri kumuprisita weKatorike-Ed.] Zvino, kuripo kusadhindwa zvakanaka paBhaibheri Iri; mapeji akaiswa zvisiriizvo. Uyewo ndaRiwana Riripamusoro paBhaibheri rangu rakare-kare remhando yeScofield, ndokubva ndangotora Iri randauya Naro ndokubva ndamhanya kumusoro kuno Naro, munguva pfupi-pfupi, nekuti mudzimai wangu akandipa Bhaibheri Iri sechipi cheKisimusi.

15 Zvino, ndino-ndinoda kutaura pamusoro pechidzidzo chandamboreva masikati ano: Marwadzo Okubereka. Zvino,zvinhu izvi zvinoita sokunge zvisina kumira mushe, ask zviri muBhaibheri. Ndinotenda kuti Jesu Waitaura pamusoro pezve, sokutaura Kwake Achiti, “Muchava nokushushikana, asi kushushikana kwenyu kuchashandurwa kuve mufaro,” ipapo Achitaura navadzidzi Vake, Achiziva Hake kuti kuberekwa Kwe-KweChiKristu kwakanga kwouya.

Uyewozve chakare chinofanira kuti chingofa, kuitira kuti chitsva chigoberekwa. Kuva nechipi hacho chingabereka, chinofanira kuva namarwadzo awa okudzimbikana. Uyewo ivo zvechokwadi vakange vachipindana namarwadzo awa okudzimbikana uye kurwadziwa, kuti vabude mumurairo vachipinda munyasha.

Zviri zvamazuva ose, kuberekwa kwepanyama kunotoredzera Kuberekwa KwePaMweya. Zvinhu zvose zvepanyama zvinotoredzera zvemweya. Zvinotoredzera tinoona kuti, kana tikatarira kunze uko pa-paivhu, uye toona kuti much,uchikura, urikuita mutsimba kuti ugone kuva noupenyu. Izvozvo zvinoratidza kuti kunofanira kuva noumwe muti, kune imwe nzvimbo, usingafi, nekuda kwekuti uri-urikuchemera chimwe chinhu. Tinoona vanhu, zvisinei nokukwegura kwavo, kana murwariro wavo, kana chinhanho Chavo, varikuchemera, kuti vararame, nokuti zvinoratidza kuti kune imwe nzvimbo iriko kwatinorarama, kurarama nekusingaperi. Mucherechedze kuzvikwanira kwazvo.

16 Zvinotoredzera, muna Johani wokutanga Chitsauko 5 ndimu 7 , ndinotenda kuti ndizvo, kana ndisina kukanganisa, Zvinonzi, “Kune zvitatu zvinopupura Kudenga: Ivo Baba, Iro Shook, NaIye Mweya Mutsvene; zvitatu izvi chinhu Chimwechete. Zviripowo zvitatu zvinopupura panyika ,ndiyo mvura, Ropa, NaMweya, uye zvinowirirana munazvose.” Mucherechedze ikozvino. Zvitatu zvokutanga Chinhu Chimwechete. Zvitatu zvepiri ndezve panyika, zvinowirirana muchinhu chimwechete. Haugoni kuva NaBaba Voga pasina Mwanakomana; haugoni kuva NeMwanakomana Oga pasina Mweya Mutsvene. Asi unogona kuva nemvura pasina Ropa, uye Ropa pasina Mweya.

Ndinofunga kuti, muzvizvarwa zvedu zvose, chinhu ichi chazviratidza kuva cheChokwadi; mvura, Ropa, Mweya; kururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo RwaMweya Mutsvene. Izvi zvinotoredzera, kana kuti kuumba . . . Kana kuti, ndiwo mumvuri unotoredzera pakuberekwa kwepanyama. Muzvitarire kana mu-mudzimai kana kuti chipi nechipi zvacho chirimumarwadzo awa okubereka, mukubereka. Chekutanga chinoitika, panouya kudzutuka kwemvura, pakubereka kwamazuva ose; chechipiri panouya ropa;

pozouya hupenyu. Mvura, ropa, mweya; uye ndizvo zvinofambidzana kuberekwa kwepanyama kwamazuva ose.

17 Uyewo ndizvo zvazviri muchiyero chomweya. Mvura kutanga, kururamiswa kuburikidza nokutenda, kutenda Muna Mwari, mukumugamuchira Iye Somuponesi wako pachako, uye nokuzobhabhatidzwa. Chepiri, ndiko kucheneswa kwemweya, kuti Mwari anosuka mweya kubva kunazvose zvenyika, uye nehavi yezvenyika. Ipapo Mweya Mutsvene anopinda uye ogamuchidza Kuberekwa kutsva uye Ozadza mudziyo wacheneswa.

Semuenzaniso, sezvazviri izvi. Zvinotoredzera, chinhu ichi, ndambokuudzai. Chaunenge usingatendi, tsaura uise parutivi, woenderera mberi kudya zingwa rakaputira nyama. Mucherechedze. Zvino, ka-kana girazi remvura rakaraswa kunze uko kuzumbu rehuku. Haugoni kuritora rakadaro uye worigadzika patafura yako uye worizadza nemvura yokunwa kana nomukaka. Kwete. Zvawarinhonga, ndiko kururamiswa. Kugezwa kwaro, ndiko kucheneswa, nekuti shoko rinoshandiswa mururimi rweGreek rintoti kuchenesa rine chirevo chakapetwa ruviri, richireva kuti " kusukwa uye nokutsaurirwa basa." Kwete kutopinda basa; asi wakamirira kupinda basa. Zvinhu kana warizadza, rinozopinda pakushandiswa.

18 Mundiregerere nekuda kwechinhu ichi zvino, haana chikonzero chekurwadzisa. Hapanoyi imi vePilgrim Holiness, vaNazarene panokonzera mukundikane kundosvika Pentecost. Makasukwa nechimiro chekucheneswa; asi pamakange magadzirira kuti mupinde pabasa, kuburikidza nezvipo zvekutaura nendimi uyewo nezvakasiyana-siyana, makazviramba, mukadzokerazve kuzumbu. Maona? Zvinotoredzera, ndizvo-ndizvo zvinoitika. Zvagara zvinodaro. Zvino, kwete kuti ndirikukushoropodzai ikozvino, asi kungoti ndiri-ndirikuda kubuditsa Chinhu ichi mumoyo mangu. Uyewo chinhu ichi changa chichipfuta mandiri kubva zvandauya pano, naizvozvo ndinofanira kuchibudisa. Kana ndakawanirwa nyasha dzaCarl, uyewo nedzaDemos uyewo nedzevamwe vavo, uyewo nedzenyu mose, Ndicha-Ndichazama nekukwanisa kwangu kwose kudurura zvose zviri mumunhu wangu womukati, maona, zvino zvinenge zvaakwamuri.

Chepanyama chichitoredzera chomweya. Zvino, tinoona kuti, uyewo kana zvadaro kuberekwa kwaitwa mukuzara. Kana mwana mucheche achinge, kazhinji kacho . . . Ipapo panodzutuka mvura, hauna zvizhinji zvaungaita nekuda kwazvo. Uyewo kana ropa richinge rouya, hauna zvizhinji zvaungaita nekuda kwazvo. Asi, kuti ugone kuva noupenyu mumwana aberekwa, kunofanira kurova kumusana wake, izvo zvinomuita kuti aridze mhare. Uye izvi ndizvo- . . . Zvino, pasina kudzidza, sezviri hama dzangu dziri pano dzakadzidza zvakanwana pazviri, kudzidza kwavo ivo, asi ini ndinofananidzira zvepanyama kune zvemweya. Uye mazvionawo. Ndizvo zvakaikita. Zvakatatora kurohwa kudurura kwomusana, kuti chinhu ichi vagone kuchibata.

19 Uyewo, unoda kamwe kanhu kaduku, chimwe chinhu chinokuvhundutsa. Zvimwewo, haungadi kurova musana, asi kungomuvhundutsa zvisihoma. Nyaya iyi yokuti atoberekwa, dzimwe nguva, unofanira kuti uzviite. Woita zvekumubvuta, wobva wamuzunza. Kana akasatanga kufema ipapo, worova musana wake zvisihoma, ipapo acharidza mhare, mundimi yaasingazivi, iye pachake, ndinofunga kudaro. Asika iye-iye, zvisinei hazvo, ipapo anenge oita ruzha. Uyewo ndinofunga kuti kana mwana uyu aka-akaberekwa akafa, asingaiti ruzha, kana kupfakanyika, mwana akadaro akafa.

Ndiro dambudziko nechechi nhasi, hurongwa hwavo, mave nevana vakawanda varikuberekwa vakafa. Ndizvozvo chaizvo. Vanoda kurohwa misana yavo NeIvhangeri, munozviona, kuitira kuti tivapeputse, kuti vazive kuti ivo ndivanaani, kuitira kuti Mwari Afemere rufemo RweHupenyu mavari. Uye tinoona kuti ichi ndicho chokwadi chaicho. It ndiyo fundho yeBhaibheri yakakwasharara, asi chiri icho Chokwadi, zvakadaro.

20 Naizvozvo, mucherechedze, mukuberekwa kwembeu, mbeu yekare unofanira kuva kutanga kuitira kuti mbeu itsva iberekwe. Saka, naizvozvo, kufa kwakaoma, panguva ipi zvayo. Saka, zvinhu zvinorwadza. Zvinhu zvinoshungurudza. Ndizvo zviri kubereka, nekuti mukudaro urikuunza hupenyu panyika, uye zvino-zvinorwadza.

Jesu Akati Shoko Rake raiva Mbeu iyo yakandokushwa nomukushi. Zvino, rose tinozviziva izvi. Ndinoda kudzidzisa chinhu ichi sechidzidzo chechikoro cheSvondo, nekuti nhasi musu weSvondo. Mucherechedze, anyone, Shoko Iri, mukuva Mbeu Kwaro. Asi, murangarire, kuti-kuti mbeu irikugona bedzi kuunza hupenyu hutsva kana iyo ichinge yafa. Uyewo ndicho chikonzero zvaiva zvakaomera vaFarisi kunzwisisa Ishe wedu Jesu Kristu, nokuda kwekuti vaiva pasi pomurairo. Uyezve iwo murairo waiva Shoko RaMwari muchimiro chembeu. Asi Shoko parakaitwa nyama, rakabva rava, kwete murairo, asi nyasha. Zvino, nyasha nomurairo hazvigoni kuva zvose panzvimbo imwe nenguva imwechete. Nekuti nyasha dziri pamusoro kwazo pemurairo. Murairo haungatoonekwi pachimiro ichi. Naizvozvo zvakaoma zvikuru kuvaFarisi kuti vafe kubva kumurairo wavo, kuitira kuti nyasha dziberekwe. Asi murairo unofanira kubva. Murairo miviri iyi haugoni kugara nzvimbo imwechete panguva imwechete.

Hazvigoni kuti kuve nomurairo ungaraira kuti utevedze nzira yanongedzwa noumwe mureza, umwe woti unogona kuenda neko; mumwe murairo unofanira kuti unogona kuita ichi; mumwe woti haugoni kuchiita. Pahuviri hwavo, panofanira kuva nomurairo mumwechete panguva yega-yega. Zvichida pane

imwe nguva ungapfui wakapfui nemauro; ndokubva wayambirwa, ndokupfui nemauro. Asi nguva ino pane chiedza chitsvuku chinokumisa. Mira hako! Munoono? Naizvozvo hazvo kuva nemirairo miviri panzvimbo imwe nenguva imwechete.

21 Zvino, tinocherechedza kuti zvinodaro nguvadzose . . . Pfungwa yangu zvino yandinopa kwamuri inoti, zvinotora kurwadziwa, kushunguridzika, kushushikana, chitarirai mafiro akaita vaFarisi vana nokuda kwomurairo, kuburikidza namarwadzo, kushunguridzika, kushushikana. Asi zvinofanira kuva saizvozvo.

Zvino, tinooona kuti iyo mvura inounza zviwereko panyika, "Inoberekwa," sokureva kwakaita nyanduri, "munzvimbo dzine mupande, mumatenga akakwasharara, nematenga akagomara." Asi tikasava nemupande uye matenga akasa kwasharara, nematenga akagomara, donhwe duku rakanatswa remvura rakasimudzirwa kubva munyanza rikanatswa kubva mukuva nemunyu, haraigona kuberekwa. Zvinotora mupande wemheni, kutinhira kwemupande; kukwasharara, nokukwasharara, nokutyisa kwazvo, kuti paberekwe madonhwe akanyorovera emvura. Zvinotora kurwadziwa kuunza kuberekwa. Zvinotora kufa. Uyewo sokufa kunoita makore, mvura inoberekwa, nekuti mvura inonaya chikamu chegore iri. Chimwe chinofanira kuguma kuitira kuti chimwe chirarame. Zvino, nehama dzangu dziri pano, vamwe vavo vanako kukwanisa, vaigona kukupai mirairo yezvinhu zvose izvi. Ini handikwanisi.

22 Zvino regai tiende panechimwe chinhu, kuti ndisimbise zvandareva. Ndinofunga kuti rimwe ramaruva akanakisa . . . Munhu wose anemaonero ake pamusoro pawo. Asi ndinofunga kuti ruva rakanakisa randati ndaona, rinowanikwa nzvimbo dzekumabva zuva, iro ruva rinomera mudziva. Vangani vakamboona ruva iri rinomera mudziva? Oh, hakuna rimwe rakafanana naro, kwandiri. Asi makambocherechedza here zvarakapindana nazvo kuti rigova zvariri? Ndinobva ndafunga izvo zvakataurwa NaJesu, "Mucherechedze ruva rinomera mumvura, kuti rinoshingaira nokumonyoka, asi Ndinoti kwamuri, Soromoni mukubhwinya kwake kose akanga asina kushongedzeka sezviri rimwe ramaruva awa." Nekuti, kubhwinya kwaSoromoni nezvishongo zvake zvaive zvekugadzirwa navanhu. Asi ruva remudziva, murunako rwaro, rinowana runako kubva mupenyu, kwete nokuda kwezvinhu zvinogadzirwa navanhu zvokuzora, zvokuzorera.

Sezviri madzimai edu, handifungi kuti munofanira kuva noruvara urwu rwegirini, munoziva, uye netsiye dzokusonera, munoziva, dzakabuda saizvozvo, nezvinozorwa munzwara dzamaoko, kana kuti kana kuti kwete saizvozvo, Ndinotadza kunyatsopatsanura zvinhu izvi, zvakazorerwa kumeso, kuti zvikupe runako. Runako rwuri sezvarwuri. Ukadonhedzera zvisihoma zviru mubhuku yaMabasa Avapostora Chitsauko 2 ndima 4, wozvisanganisa zvose pamwechete, nezvisihoma zviru mubhuku yaJohane Chitsauko 3 ndima 16, zvichakurira zvose zvakaedza kugadzirwa nekambani ye Max Factor. Maona? Murume wako uchawedzera kukuda; nevamwe vanhu vose, uye ndinechokwadi chokuti NaMwari Achakudawo.

23 "Ruva rinomera mumvura," Akataura sokudaro, "muricherechedze, makuriro aro, rinoshingirira, rinofanira kuzvisimudza kuenda kumusoro." Ruva iri duku rinomera mumvura, tarirai marakapinda namo; nemutsvina, mudope, mudhaka, mumvura inemadhaka, mumvura yakasviba. Rakamanikidzira nzira yaro kubuda munazvose izvi, icho chizenga chiduku ichi choupenyu, chakashingaira kubva pasi pedziva paiva nemataty uye uye nezvaipo zvaigona kuridya richikwidza kumusoro, rikazvikwidza kuenda kumusoro richipfui nemauro zvose izvi. Asi rinoti rapinda muhupo hwezvira, rinenge raberekwa zvino. Kambeu kadiki aka kanobva kadzutuka noupenyu. Haringagoni kudaro kunze kwokunge rapindana nezviti izvi. Ndizvo zvinoriumba, inyaya yokuti zuva ndiro rinenge richiridhonza. Zvino kana richinge rava pamusoro pemvura dzose dzakasviba, uye dzine dope, uye nezvimwe zvose, ipapo rinova nemufaro mukuru, rinobva rangopira hupenyu hwaro pachena. Uyewo hunova hupenyu hwakanaka kana richinge rapinda muhupo hweicho chirikuridhonza.

Ndinofunga kuti muenzaniso wakanakisa woupenyu hwechiKristu. Apo, chimwe chinhu chiri kukudhonzera kubuda munyika, kusvikira rimwe zuva unoberekwa MuHupo Hwake, kuburikidza NaMweya Mutsvene. Zvinhu zvakanaka sei! Ukazama kuribetseredza, unoriuraya.

24 Sezvazviri kahukwana pakanoberekwa, munoziva, kana makambocherechedza dzimwe dzeniyo duku idzi, ipapo chaipo mberi kwemuromo wekanhiyo aka, kana imwe yeshiri dzinoberekwa kubva muzai. Kane-kane . . . Riririkutokura, goko rezai iri. Zvinhu zvakare zviru mariri zai iri zvinofanira ku-kuwora. Nhiyo inofanira kushandisa muromo wayo muduku uyu, ichirova-rova goko rezai dakara raputsika. Tinovaidaidza tichiti, kanovibvoorera nzira yako kega, kwedu Kentucky kwandinobva. Kuzvibvoorera nzira yako kega. Havana imwe nzira irinani yavangawana irinani. Maziona? Mazviona? Nei? Nekuti inzira yakatarwa NaMwari. Ukaedza kubetsera kuchochonya nhiyo, unoiuraya. Ukakwatura goko rezai richiri rakaputira nhiyo, nhiyo iyoyo inofa. Mazviona? Inofanira kushanda, kushingaira, kubvoorera.

Ndiyo nzira inofanira kufambwa nayo nomuKristu. Hazvina kuzorora pakukwaziswa nemumwe munhu, kuti akusvitse. Unofanirwa kuramba uriipapo dakara wafa, waora, uye waberekwa MuHumambo HwaMwari. Ndiyo nzira yakatarwa NaMwari. Haufambe nezviri mubhuku, kana kukwaziswa maoko, uye kujoina, kukwidza, kana kuderera. Unofanirwa-unofanirwa kungobuda kubva mugoko rekare rezai. Mucherechedze kuti, hakuna imwe nzira irinani yavakawana.

25 Havana imwe nzira yavakawana irinani yokuti mwana aberekwe nayo kudarika iyo yakatarwa NaMwari. Zvino, kana mwana aching aberekwa, ungaisa bhero parutivi nomubhedha wake, wobva wati, "Mwanakomana wangu, Ndiri-ndiriwefundho dzeBhaibheri munzira yose. Ndakaverenga mabhuku mazhinji maringe nomurererwo womwana. Uye, ndinokutaurira kuti, urimwana wechimanje-manje. Waberekerwa muimba yechimanje-manje, navabereki vechimanje-manje. Kana wava nenzara, kana kuti Uchida mai vako kana ini, unongoridza kabhero aka." Hazvifi zvakashanda. Nzira yoga yokuti mucheche awane zvaanoda anofanira kuzvichemera. Ndizvo zviru nzira YaMwari.

Ndiyo nzira yatinowana nayo zvatinoda, kuzvichemera. Kuchema. Usanyara zvako. Iwe woti, "Ndine nzara NaMwari." Hazvina basa kuti madhikoni, vafundisi, kana ani zvake akakomberedza, zhamba, zvakadaro. Vekwa Jones varipedo; zvine mutsauko wei? Chema, ndiyo nzira yoga yokuzviwana nayo, kudzamara wapiwa rubetsero. Iye Akazvidzidzisa izvi PaAkange Ari panyika ino, munoziva, panyaya yomutongi asina kururama.

26 Donhwe duku redova, handizivi zvinoriumba mariri. Zvimwe panogona kuva neve Science pano ve Ndichangotaura somufungiro wangu. Zvinogona kuva sohunoro hwomumhepo hunozviunganidza pamwechete murima rousiku, uye hunyoro uhu hwowira pasi panyika. Kana hwadaro, dova rinoberekwa usiku. Asi kana ava mangwanani, hero ririapo, richitonhora, uye nokudedera, rigere pamusoro peshizha rouswa, kana pamutariko wokuyanikira mbatya. Asi zuva ngaripenye zvisoma, makamboona here mufaro unobata dova iri? Rinopa chadzera chezuva richipenya uye robva ranyangadika zvisoma nezvisoma. Nei? Rinoziva kuti ndiro zuva riya rinorikweva kuridzoserwa kwaraiwa pakutanga.

Uyewo ndizvo zviru murume kana mudzimai woga woga akaberekwa NoMweya WaMwari. Panechimwe chinhu chiri mazviri, kana Chiedza chazvitambanudza pamusoro pedu, kuti tinova nemufaro, nekuti tinoziva kuti tavakudzokera kwatakabva, takabva pachipfuva ChaBaba. Dova iri rinopenya nomufaro, kana rarohwa nemirazo yezuva, pachokwadi, richizviza kuti rava kudzokera kwarakabva. Twunhu twuduku twuri muhunoro, asi taigona kuramba tichingotaura nezvatwo, asi regai titsvage zvimwe.

27 Tinozviziva kuti mbeu tsaru iripo, inofanira, mbeu itsva isati yauya kubva mumbeu tsaru, inofanira kuora, zvechokwadi. Kweke kufa, chete, asi yozoora mushure mokufa kwayo. Tinoziva kuti izvi ndizvo zvechokwadi. Ndicho chinhu chimwechete paKuberekwa patsva. Hatifi takadzokera shure, asi tinofambira mberi kana tichinge taberekwa patsva.

Uyewo ndicho chikonzero ndichifunga kuti, zuva ranhasi, tinako (kuzhinji) kushoma, mundiregerere, kuBerekwa kutsva kwechokwadi, inyaya yokuti mbeu iyi, zvichida, inonzwira tsitsi Shoko kana kunzwira munhu, asi vasingadi kuora kubva muhurongwa hwavo hwakare hwavaiva mauri. Havadi kubuda mahuri. Vanoda kuramba vagere muhurongwa hwavo hwakare, uye voti vakaBerekwa patsva, kana kuti vakabata Mharidzo yechizvarwa.

Takazviona izvi muzvizvarwa zvaiva pasi paLuther, Wesley, neveChipendekositi, uyewo nezvimwe zvizvarwa. Vanoramba vachiedza kuramba vakabatira pahurongwa hwavo hwakare, asi vachiti kuBerekwa kutsva vanako. Asi horongwa hwakare hwechizvarwa hunofanira kufa, hwowora, kuitira kuti paberekwe hutsva. Ivo vanoda kuramba vakabatira ipapo.

28 Mucherechedze. Vanozviziva kuti hurongwa hwakare hwakafa, asi havadi havo kuora vachibuda mahuri. Zvino, kuora, ndeapo pahunenge hwabviswa.

Kana Kupupura kukapiwa pamusoro pechinhu, vachiti vakaBerekwa patsva, kupupura uku chiratidzo chinopiwa nevakaberekwa. Kuora, kunounza kuBerekwa kutsva. Unofanira kuora uchibva mazviri, sezvatakaita muzvizvarwa zvole, tikapfuura nemuchizvarwa cha Wesley, uyewo nezvimwe zvole. Asi, chinokosha ndechokuti, mushure mazvo, kuBerekwa kutsva kunoberekwa. Wesley kana kuti Luther wakauya neneshoko rimwechete, "Vakarurama vachararama nokutenda." Zvakanaka, haana kukwanisa kuramba akamira nehurongwa hwakare. Aifanira kubuda mahuri.

Uyewo veChikaruvhanisiti pavakawana kereke yechiAnglican iri muchinhanho chakadaro, pasi pedzidziso yeChikaruvhanisiti, kusvikira nguva dzakazomutswa dzidziso yechiArminian NMwari, aiva John Wesley. Hurongwa hwakare hwaifanira kufa, kuitira kuti hutsva hugovapo. Uyewo pakaguma chizvarwa chaWesley, nezvimwe zvizvarwa zviduku zvole, kana kuti mabukira akabuda pashanga, kana kuti muchekechera, munguva yaWesley Maona, pakabuda Pendekositi iine kudzoreredzwa kwezvipo, vaifanira kunge vatobuda kubva muBaptist, Presbyterian, Pilgrim Holiness, Nazarenes, Church of Christ (sokuzvidaidza kwavo), uye nemamwe ose. Vaitofanira kubuda madziri, voora kubva madziri, kuti vagamuchire kuBerekwa kutsva.

29 Nguva dzose munonzi makasangana musoro. Asi zvakangofanana sokutaurwa kwazvo naPauro paakaora achibuda mune zvaapupura kare. Akati, " Munzira iyi inonzi kupengereka navanhu, ndiyo nzira yandinoshumira nayo Mwari wemadzibaba edu." Munzira inonzi kupengereka navanhu! Maona? Akanga agamuchira Hupenyu hutsva, mukuti Testamendi yekare yakanga yaBereka Itsva, uye aifanira kuora kubva mune Yekare uye oiita mumvuri. Kuitira kuti pave ne

Ndipo patava ikozvino,. Zvino, tsungirirai neni zvisvishoma. Asi ndiyo pfungwa yangu. Makereke angova ehurongwa mukuti hauchagoni kupinda muneimwe kana usiri nhengo yeimwe. Unotofanira kuvha norugwaro rwunoratidza kuyanana navo, kana chimwe chinoratidza kuti iwe uri ani. Uye mukutenda zvinhu izvi, suwo roga randaita senadazarura ndivava veMabhizimusi. uye vakamba vasiri sangano, Ndinokwanisa kuenda ndopinda pamwechete navo, uye ndosvika pachinhanho chokuunza Mharidzo, yandinonzwa kuti iri pamoyo pangu, kuvanhu. Asi zvaiswa hurongwa huzhinji. Uye ndinokudai imi vanhu vechiPendekositi. Uye Pendekositi harisi sangano, zvakadaro. Imi ndimi munozvidaidza saizvozvo. Pendekositi chiiitiko uye haisi sangano.

Asi, munoona, chinhu nyaya yacho yakazorora pakuti, zvinhu zvakaomera vanhu. Vanoti vaChitarisa Chinhu Ichi, uye voChitenda, uye voChiona Chichifananidzwa NaMwari, MuShoko, asi zvakadaro, zvakaoma kuora uchibva muchinhu chawagara uri machiri. "Ndinozoitasei? Chokudya ndinozochiwanepi?" Urikuti kudiiko? Mwari Ndiye Chokudya chako. Mwari Ndiye Chinhu Chaunofanira kubatira pachiri. "Tsvagai kutanga Humambo HwaMwari, uye nokururama Kwake." Regai ndizvisiye zvakaroveredzeka ipapa. Munoziva zvandiri kutaura.

30 Tinoundzwa navaporofita VaMwari kuti tichava nyenika itsva, Denga idzva uye nyika itsva. Kana Uchida Gwaro rinotaura izvi, ndiZvakazarurwa Chitsauko 21. Ndinogona kukuverengerai, ndinayo pano. Johani akati, "Ndakaona Denga idzva nyenika itsva: nokuti denga rokutanga nyenika yokutanga zvakanga zvapfuura." Zvakanga zvisisipo.

Zvino, kana tichizova nyenika itsva , nyika yakare nyenika itsva hazvingavi panzvimbo imwechete munguva imwechete. Kana kuti, zvenyika itsva nezvenyika yakare hazvingavi panzvimbo imwechete panguva imwechete. Hakungavi nohurongwa hwenyika huviri munguva imwechete. Zvino, kuti tive nyenika itsva, yekare inofanira kufa, kanazvadaro yava kuva namarwadzo okubereka kuti pave neitsva.

31 Uye kana chiremba akaenda kunoongorora murwere ari mumarwadzo okubereka zvino, chinhu . . . chimwe chezvinhu chinoitwa nachiremba. Icho, Ndirikutaura nezvacho muhupo hwevaviri kana vatatu, vandinoziva, nezvavo vana chiremba vakanaka pano, vana chiremba vari maKristu. Uye Ndicha-Ndicha-Ndichakubvunzai izvi. Chimwe chezvinhu zvokutanga chinoitwa nachiremba, mushure mokutarisisa murwere, kugona kucherechedza marwadzo, marwadzo okubereka. Anocherechedza marwadzo aya, kuti aripedo napedo zvakadii, uye kuti mamwe namamwe awo anakubaya kwakadii. Mamwe anonyanya kubaya kudarika mamwe. Tevere mamwe, obaya kudarika mamwe, oitika zviripedo napedo. Ndiyo nzira yaano ongorora nayo mamiriro ezvinhu, kubudikidza namarwadzo okubereka.

Zvakanaka, kana nyika ichifanira kuparura gwara rokuberekwa kweimwe nyika itsva, ngatimboongororai mamwe amarwadzo okubereka atinawo panyika, uye tichazoono kuti yava muzuva ripi uye kuti yafamba nguva yakadii namarwadzo okubereka.

32 Hondo yepasi rose yokutanga yakaratidza marwadzo okubereka makuru kwazvo. Yakaratidza mamwe amarwadzo okutanga okubereka ichifamba yakananga kundosununguka. Nokuda kwenguva idzodzo kwairi, takanga tava namabhambhu, tiine zvigwagwagwa, uye nechefu inoiswa mumhepo. Uye munorangarira. Zvichida vazhinji venyu hamucharangariri. Ndkanga ndiri kakomana kaduku kana makore masere okuberekwa, asi ndinorangarira vachitaura nezve mastadhi iyi, yemhepo yeChlorine, nezvimwe zvakadaro. "Mukuti zvairatidzika sei kuti zvaizovamba uye," ivo vakati, "zvaizopisa nyika yose zvayo. Zvouraya munhu wose. Zvakanaka, zvaigona kudaro kuti-kuti-kuti zvakadimurwa-dimurwa, nemhepo ichisvisundira munyika yose." Uye kuti zvavhundutsa munhu wose kusvika pakuda kufa nokuda kwechombo chikuru ichi chechefu inoiswa mumhepo! Nyika yakapfuura pazviri, ikava namarwadzo okutanga okubereka.

Uye tinoona kuti zvino, takava nehondo yechipiri, hondo yepasi rose, uye marwadzo ayo akanga awedzera kubaya. Anowedzera kubaya kwako nguva dzose, marwadzo aya okubereka aiva panyika. Nyika yakapotsa yatosununguka imwe, munguva idzi dzebambhu reAtomic, nekuti raigona kuparadza guta rose. Marwadzo aya akanga akakura pakubaya kwawo kudarika ehondo yepasi rose yokutanga, pamusoro pekuparadzwa kwenyika.

33 Ikozvino, inoziva kuti nguva yayao yokubereka yavapedo. Ndicho chikonzero iine kuvhunduka, kuvhiringika kune kutya, sezvaitori, inyaya yekuti kune bhambhu reHydrogen , uye zvombo zvemuchadenga zvinogona kuparadza nyika yose. Imwe ndudzi inotyia imwe, zvisinei nokuti iduku sei. Vanazvo zvombo izvi zvavanopupura vachiti zvinozo... Chimwechete chazvo. Vanogona kuchitumira kure kunenyeredzi uko uye vochikanda kupi zvako kwavanoda panyika pano.

Russia, sokunzwa kwandakaita munhau, rimwe zuva, irikupupura ichiti inogona kuparadza nyika yedu ino, uye-uye yoita kuti zvakaumba zvinhu izvi zvisaparadze nyika yavo ivo. Isu hatizivi chokuita pamusoro pazvo. Vamwe vose varikupupura zvimwechete, uye ndizvo zvazviri... Science dzavanhu dzakabvoorera kupinda muLaboratory YaMwari, mukuti vachazviparadza pachavo.

Mwari vanorega, nguva dzose vanorega huchenjeri hwomunhu kuti humuparadze. Mwari haana

chaanaoparadza. Munhu anozviparadza nokuda kwouchenjeri hwake, sezvakaita munhu pakutanga, akatora huchenjeri hwaSatani muchinzvimbo CheShoko RaMwari.

Naizvozvo, nyika inoziva kuti inofanira kusuduruka. Haigoni kutarisana nazvo.

34 Russia, ndinozvutenda, inokwanisa kuparadza nyika yedu ino, kana ikazvifunga inogona kuiparadza, uye iyo yozvidzivirira. Kunyangwe nyika ipi zvayopaduku idzi inogona kuzviita. Asi, vanoty, nokuti vanozviziva kuti nyika ino haingazogoni kuramba ichitevedza gwara rayo rokupoterera zuva muzvinhanho izvozvo. Saka, nyika inoziva kuti marwadzo ayo okubereka makuru kwazvo, inofanira kupa gwara reimwe itsva. Pachava nokuberekwa kutsva, kuberekwa, nenguva pfupi. Ndinopa kutenda nokuda kwazvo.

Ndaneta nenyika iyi. Ani-ani naani zvake anoziva kuti-kuti pano inzvimbo yorufu uye kushungurudzika, uye nezvakanwanda-wanda zvenyonganiso, uye nezvakanwanda. Ndinofara kuti nyika ino inofanira kupa gwara rokuberekwa kweitsva, uye ndinofara kuti nguva yaswedera. Sokutaura kwaJohani, wakare, "Kunyangwe zvino, huyai, Ishe Jesu."

35 Naizvozvo, nyika inofanira kuora, ichokwadi, sokutaura kwandaita, kuti igone kuunza kuberekwa kutsva. Tarisai zvayakaora ichipinda mazviri. Mucherechedze, hama dzangu! Nyika yaora zvachose. Zvematongerwo zvayo uye nourongwa hwayo hwaora zvachose. Haisisina kana bvupa rimwe richiine chimiro kwacho, muorongwa hwayo hwenyika, munezvmatongerwo uye zvmatongerwo ezvokunamata, uye chipi nechipi zvacho. Mumwe anoti, "Ndiri muDemocrat. Ndiri muRepublican. Ndiri muMethodist. Ndiri muBaptist." Chikonzero nei, zvose zvaora kusvika pamwongo. Panofanira kuva nechinosuduruka. Haikwanisi kutarisana nazvo. Ukagadza Gorge Washington kana Abraham Lincoln mudunhu roga roga reunited States, haichagoni kudzoka. Haichagoni kudzikinurika. Pane chinhu chimwechete chingaitsetsera, Ndiye Musiki Anouya. Amen.

Inoziva kuti inofanira kuparura gwara rokuberekwa kweimwe. Iri mukurwadziwa uye iri kushushikana. Vanhu havachazivi zvokuita. Mumwe anotarisa uko, uye mumwe otarisa uko, uye nezvakanwanda-wanda. Mumwe anoty, mumwe. Mumwe achiedza kuita chingaparadza uyo. Uyuwo achiedza kupesana nouyo, kuparadza mumwe. Kusvika pakuti, ikozvino zvakanwanda mumaoko evanhu vechivi, vanogona kuparadza nyika yose muma minitsi mashanu. Maona?

Saka inozviziva kuti haichagoni kutarisana nazvo. Vanhu vanozviziva kuti haichagoni kutarisana nazvo. Uye nyika inozviziva kuti ichava, zvichaitika.

36 Nekuti Mwari Akazvita kuti zvachava saizvozvo. "Matenga ose uye nenyika zvichapfuta nomoto." Pachava nokuvandudzwa kutsva kwezvinhu zvose, kuitira kuti nyika itsva iberekwe. Mwari Akazviporofita.

Nyika yaora, muhurongwa hwayo hwose, uye inofanira kudaro, inofanira kuora. Ndicho, ndicho chikonzero nyika, ndambotaura ndichiti, iine kuvhunduka uye nokuva nohuso hwakatsvuka nokutya, nokuvhiringika kune kutya. Uye kundengendeka kwenyika, kwose-kwose, uye ichikwidza nokudzika mumhenderekedzo. Dutu mupengo remvura rinobva munyanza richirova Alaska, uye kundengendeka kunokwidza nokudzika mumhenderekedzo dzegungwa, nekuda kwekundengendeka kwenyika nezvimwe zvakanwanda. Uyewo vanhu vachinyora vachiti, "Tobuda here munzvimbo ino? Tobuda here munzvimbo ino?" Maona? Havachazivi zvokuita. Hakuna imwe nzvimbo yakachengetedzeka kunze kweImwechete, muna Kristu, Iye Mwanakomana WaMwari Anorarama. Uye pane nzvimbo imwechete yakachengetedzeka, uye Ndiye Iye. Zvose zviri kunze Kwake zvichaparara, nemo-nemo sokurehwa kwazvakaitwa NaMwari.

37 Zvino, ngatitarirei Mubhuku RaChiremba, kana nyika iriri muchinhanho chakadai, tigoona kuti zvinhu zvirikuitika kwairi izvi zvinofanira kuitika here panguva yokuberekwa kwenyika itsva. Mateo Chitsauko 24, muBhuku RaChiremba, rinova iro Bhaibheri, uye tigoona zvakanwanda, uye kuti zviratidzo zvokurwadziwa kwenyika zvaizova zvipi. Zvino, kana chiremba achiziva zviratidzo zvmarwadzo okuberekwa kwamwana . . . Uyewo nenguva chaiyo yokuuya kwamwana, anoisa zvinhu zvose zvokushandisa munzvimbo, nekuti anoziva kuti yava-yavanguva yokuberekwa kwamwana. Nekuti, zviratidzo zvose zvmarwadza zviri kuratidza; iyo-iyomvura yadzutuka, iro ropa. Uye ikozvino ngu . . . Nguva yakwana. Mwana watodzika mudumbu, uye yasvika nguva yokuti mwana aberekwe. Naizvozvo anoisa zvishandiswa zvose panzvimbo.

Zvino, Jesu Wakatiudza izvo zvinofanira kuitika panguva ino. Akatiudza, muna Mateo Chitsauko 24, kuti Kereke, Kereke yechokwadi, uyewo neimwe kereke, zvinozova . . . Kereke yepanyama, Kereke yomweya, "Dzichange dziri pedosa mukufanana, vatevedzeri, mukuti zvazogona kunyengera VaSanangurwa, dai zvaikwanisika." Kutu zvaivawo mumazuva aNoah, "Kuti vakanga vachidya, vachinwa, vachiroora, nokurodzana," uyewo nokushaiwa hunhu kwenyika kwatinoona nhasi. Iro Bhaibheri, iro Bhuku, Bhuku RaChiremba rakazvita kuti zvichaitika. Saka, patinoona zvinhu izvo zvichiitika, tinoziva kuti kuberekwa kwenyika itsva kwava pedo. Kunofanira kuva pedo. Hongu, changamire.

Zvino, tinotarisa pazvinhu izvi se-sendudzi; kwete sendudzi ino chete, asi senyika yose.

38 Zvino Isiraeri , iyo kereke, regai titrire pairi kwamaminitsi mashomanana. Uye tigoironda kwamaminitsi gumi anotevera, zvichida.

Isirarerer yakava namarwadzo okubereka pasi pomuporofita woga woga akauya panyika. Yakava namarwadzo okubereka nokuda kweMharidzo yomuporofita. Nokuti Yakaitei? Muporofita aiva NeShoko. Uye-uye Israeri yakanga yadyara kuora kuzhinji uye ikagamuchira hurongwa hwenyika huzhinji kuti hupinde mairi, mukuti muporofita uyu aizunguza Israeri kubva panheyo dzayo. Vaporofita vaivengwa navanhu vose. Saka, naizvozvo, Mwari PaAkatuma muporofita , kereke pachayo yakapindana namarwadzo okubereka. Nokuti , iye muporofita, "Shoko RaMwari Rinouya kumuporofita, uye kwaari oga." Zvichireva kuti, Shoko rakataurwa rezuva iroro rakaratidzwa kuburikidza nomuporofita wechizvarwa ichi, zvakagara zvakadaro. Uye, makereke, anumbiridza hurongwa hwakawandisa hwavanopoterredza Shoko, mukuti anoizunguza kubva munhenyo dzayo paanouya. Ndokubva yava namarwadzo okubereka.

Chaivo chii ichi? Kudzokera KuShoko! Kudokura KuUpenyu! Hurongwa hwavanhu hauna Hupenyu. Ishoko RaMwari chete Rine Hupenyu. Hurongwa hwavanhu hwavanoRipoterredza nahwo, hauna Hupenyu. Shoko Ndiro Rinopa Hupenyu.

Mharidzo Yake Yakazunza vashoma vakasara kuti vadzoke KuShoko. Kaboka kaduku kanobuda mazviri uye kozvitenda. Dzimwe nguva, zvichida . . . Munguva dzaNoah, vanhu vanokwana kuita vasere bedzi. Asi, zvakadaro, Mwari Akazunza vashoma vakasara. Uye, akaparadza, zvose zvimwe zvaifanira kuzunzwa zvichiparara.

39 Zvakaita saizvozvo, tichidzika muzvizvarwa zvose, kusvikira pokupedzisira kereke yakabereka Mwanakomana, uye Mwanakomana Uyu Aiva Shoko, Pacharo, Raitwa nyama. "Pakutanga kwakanga kuine Shoko, uye Shoko Rakanga Riina Mwari, uye Shoko Rakanga Riri Mwari. Uye Shoko Rakaitwa nyama Rikagara pakati pedu." Iye Wakakunda dhimoni rose, namasimba ose epanyika, akauya kuzopesana Naye, Achishandisa Shoko RaBaba chete. Muedzo wose Waakapiwa naSatani, Akatsiura Satani; kwete nokuda Kwe-KweSimba Rake Iye Raaiva nro, asi NeShoko RaMwari. "Zvakanyorwa zvichinzi . . . Zvakanyorwa zvichinzi . . . Zvakanyorwa zvichinzi . . ." Nekuti Iye Aiva Shoko.

Satani paakabhururka achipesana naEva, Eva akanga asiri Shoko, naizvozvo akakundika. Paakabhururuka achipesana naMozisi, zvakaita zvimwechete. Asi akati andovera Mumwanakomana WaMwari, Mwanakomana Aiva simba ramagetsi rakapetwa zviuru gumi. Simba iri rakaundura mambava owakaipa, pakadzoka zvakare, Iye Ndokuti, "Zvakanyorwa zvichinzi, 'Munhu haanagararami nechingwa bedzi, asi NeShoko Rose rinobuda mumuromo WaMwari.'" Hewo Mwanakomana, Aitwa nyama. Shoko Raamawari ReZienda-nakuenda, Iye Pachake, achiratidzwa mumutumbi wenyama pano panyika, kumiririra Shoko.

40 Ndiwo maziviro Aakaita zvaiva mumoyo yavo. Ndicho chikonzera Akaudza Firirpi kwaiva, uye kuti aiva ani. Akakwanisa kuudza Simoni Peturo kuti aiva anai. Ndokuudzawo mudzimai wepatsime. Nei? Aiva Shoko Pacharo. Ndizvo. Bhaibheri Rakati, kunaVaHebheru Chitsauko 4, "Shoko RaMwari rinopinza, rinesimba kudarika munondo unocheka nakwose, richipatsanura kunyangwe kusvika mumwongo wamapfupa, uye rinonzvera pfungwa nezvinangwa zvomumoyo." Nemhaka yei, vapirirsita vechiFarisi vaiva mapofu vakakundikana kuona kuti raiva Shoko ririkuratidzwa, nokuti vaiva vakaputirwa muhupirirsita uye nohurongwa hwavanhu. Uye hurongwa uhwu hutsaru hwaifanira kupamura nzira. Rakanga Rauya Shoko zvino, rakanga rozadziswa maringe nokuvimbiswa kwazvo. Saka kana Razadziswa, nyika inofanira kuora ichibva munzvimbo. Nyika ndiyo gwande rekaputira mbeu. Mbeu yakaenderera mberi.

Mozisi haagona kuunza mharidzo yaNoah. Kunyangwe NaJesu Haaigona kuunza mharidzo yaNoah, nekuti chakange chava chimwe chizvarwa. Uye mbeu tsaru iyi yakange yakanaka, asi yakazadzisa chinangwa chayo uye ikafa uye ikaenda. Kushandurwa uku kubva mune tsaru tichienda mune itsva, umo maimbova noupenyu, ndizvo zvainetsa vanhu, ndizvowo zvichiri kuvanetsa nanhasi. Hatisi kuvaka rusvingo, sokutanga kwatakaita nemharidzo yaLuther, ndokubva tadzika nenzira yakatwasuka, kana kuti mharidzo yeChiPendekositi. Zvakanaka. Tirikutora nzira mumharadzano. Tirikuvaka chivakwa. Shoko RaMwari Ndiro rugwaro rwunotiudza mavakiro. Anizvake anogona kuvaka chidziro chakatasanaka, asi zvinotora akadzidza basa rokuvaka kuti kona ivakwe. Zvinotora simba RaMwari kuita zvinhu izvi. Zvinototora muzodziwa anobva KuDenga, kuti atumwe pasi pano kuti aiite chinhu ichi. Zvakatodaro, muchizvarwa chega-chega.

Uye muzvizvarwa zvavaporofita, Shoko RaMwari rinouyakuburikidza navaporofita ava, uye ndivo vanotora nzira pamharadzano yenzira, vounza mitsauko iyi. Asi vavaki vaidva kuvaka rusvingo. Harwusi rusvingo, zvachose, chivakwa, chivakwa ChaMwari.

41 Zvino, tinonzwa uye tinoziva kuti Ichi Ichokwadi, uyewo kuti hurongwa hwaiora muchizvarwa chega-chega. Uye hurongwa humwe nahumwe hwaifanira kuora hwofa, kusvikira yakabereka Kereke iyi. Kubva mumatakanana akaora makabuda Shoko, Iro Pacharo. "Shoko RaShe rakauya kuvaporofita." Harina kumbobvira rakauya kuvapurisiti; Rakauya kuvaporofita. Uye mucherechedze, uye Parakadaro, pokupedzesera Shoko Rose rakaberekwa munyama yomunhu. Huzaro HwoHuMwari mumutumbi womunhu

hwaiva MaAri. Aiva Shoko. Mupororofita chikamu CheShoko, Iro Shoko rechizvarwa chavo. Isusu, nhasi, tiri chikamu CheShoko, isu tinotevera Shoko. Asi iye aiva huzaro hwakakwana HweShoko. Iye Akati... Pavakanga vachiMupomera, Achizvienzanisa NaMwari, nokuti Aiva Mwanakomana WaMwari, vakati Kwaari, "Honguka, Iwe Unozviidza Mwari."

Iye Akati, "Hazvina kunyorwa here mumurairo wenyu, zvichinzi munodana avo vakavingwa NeShoko RaMwari kuti, 'vamwari vaduku,' ivo vaporofita? Uye ndizvo zvavaiva. Zvino sei imi muchiNdipomera Pandinotaura Ndichiti Ndiri Mwanakomana WaMwari?"

42 Hwaivapai, Ihwo HuMwari muuzaro Hwaho mumutumbi wemunhu Hwakazorora MuMwanakomana WaMwari. Ndiye Aiva kuratidzwa kuzere KwaMwari.

Ndizvo zvakaite kuti pokupedzisira... Marwadzo okubereka pasi pavaporofita ava, nei, ivo vari chikamu CheShoko, vakanongedzera kuuzaro uhwu hwaiva mavari, huzaro HweShoko. Uye pokupedzisira hurongwa hwavanhu hwakafa, kusvikira, "Shoko rakaitwa nyama uye rikagara pakati pedu."

43 Mucherechedze kuratidzwa kwazvo muna Jakobho. Mucherechedze kuratidzwa kwazvo muna Josefa, nemo-nemo. Aidikanwa navako-... nababa vake; akavengwa nomukoma wake, pasina chikonzero. Aiva munhu wemweya, aigona kutaura zvinouya mberi, nokududzira hope. Haana zvimwe zvaigona kuva kunze kwekungova saizvozvo. Akangoberekwa akadaro. Akafanotemerwa kuva saizvozvo. Asi, akavengwa navakoma vake, uye pokupedzisira vakamutengesa kwamasirivha makumi matatu, mari ingada kuita masirivha makumi matatu. Uye wakasimudzirwa, ukagadzwa kurudyi rwaFaro. Honai, mujeri rake, maiva nomubati womukombe wamambo uye mubiki wechingwa; mumwe wavo akarashwa mumwe akaponeswa. Jesu Ari mujeri, pamuchinjikwa, pane mumwe wakarashwa, mumwe akaponeswa. Ndizvozvo. Uye Wakasimudzirwa kumatenga uye Akagara PaChigaro ChaMwari. Uye PaAnosimuka Achienda zvakare, pachava nokudanidzira zvakare, "Ibvi ngaripfugame," uye ndimi dzose dzichapupura. Uye Josefa waiti kana asimuka pachigaro uye otanga kufamba, hwamanda yairira, uye mabvi ose aifanira kupfugama. "Josefa wouya."

44 Saka, nerimwe zuva Hwamanda Huru YaMwari icharira, vakafa muna Kristu vachamuka, uye mabvi ose achapfugama, uye ndimi dzose dzichapupura Shoko. Asi Iye Unouyirei? Unouyirei pano?

Mucherechedze, yakabereka Shoko Rakakwana Iri Rakaitwa nyama, pasi pamarwadzo okubereka akaunzwa nokutinhira kwavaporofita, "Iye Anouya! Iye anouya! Iye anouya!" Zvino, yakanga yagara kwamakore mazana mana isina muporofita, maringe nenhoroondo namaGwaro, kubva panaMaraki kundobata Johani. Nguva yose iyi yaingova navafundhi veBhaibheri, vapirirsiti, vafundisi. Zvino ipapo tinogona kuzvifunga, pasina chinokosha ichi, imhando yakadii yokuora kwehurongwa hwayo kwaingadai iinako nhasi, makore mazana mana pasina Mharidzo inobva kumusoro, ine ZVANZI NAJEHOVHA, kubva kuna Mwari. Saka vapurisiti, vaporofita, uye nevamwe, vakanga vapinda mumatope asina kumira zvakanaka. Yakanga yaora.

45 Zvino Johani, iye Eriya wakavimbiswa munaMaraki chitsauko 4, Maraki Chitsauko 3, nekuti Jesu akataura chinhu chimwechete muna-muna Mateo Chitsauko 11. Zvino maziso echapungu aJohani akatarisa kwose-kwose munhoroondo, nokuti ndinotenda mutaurirwo wazvo nebhuku yaPember yeZvizvarwa Zvokutanga, uye iye akati, "Endai monoMubvunza kana Ariye Watakamirira, kana kuti totarisira mumwe here." Maona? Uye Iye Akati, Jesu, mushure mokudzorera vadzidzi vaJohani neshoko, mushure mokunge avaudza kuti vagare zvisoma mumusanagano uye kuti vacherechedze zvakaizitika. "Chiendai zvino, muratidze Johani zvinhu izvi. Uye wakaropafadzwa asingadenheke nokuda kwazvo." Iye Wakacheuka uye ndokutarira kuvadzidzi Vake uyenekuvanhu VaAitaura navo. Iye Akati, "Chiiko chamakandoona kunze uko pamakaenda kunoona Johani?" Iye Akati, "makandoona munhu une hanzu yemakushe egwai? Uye Akati, "Ndinoti kwamuri, ndiyo mhando inogara muimba dzamambo." Iye Akati, "Makandoona here ru-ru-rutsanga rwaizunguzwa nemhepo?"

Nemamwe mashoko, chiduku chipi nechipi zvacho chakauya, chakamuzunguza here? "Rega ndikuudze, kana ukauya wobatana neboka rekwedu, tinogona kukupa muhora urinani." Zvanga zvisina kudaro naJohani. "Kana ukasaparidza ucipesana nechichi kana icho, zvakanaka, unogona kubatana nemapoka edu." Zvanga zvina kudaro naJohani.

Akati, "Saka makandoonei, muporofita here? uye Ndinoti kwamuri, zvinopfuurira muporofita. Nekuti kana muchizvigamuchira, uyu ndiye uya akataurwa nezvake navaporofita, vachiti, 'Ndichatuma nhume Yangu mberi Kwangu, kuti ikure nzira.'" Ndiyo Maraki Chitsauko 3 ndima 1; Kwete Maraki Chitsauko 4, kwete zvachose. Zvakasiyana. Nekuti, Eriya uyu akauya, nyika inofanira kupiswa nokukurumidza, uye vakarurama vagofamba pamusoro pemedota evakaipa.

46 Zvino, mucherechedze. Mharidzo Yake haunakunyanya kuvabvongodza kuti vabude muhope dzavo dzezvokunamata. Ivo vakangoti, "Kune mumwe murume anopenga ari zasi uko. Mupfuurewo nepo manje-manje. Unoziiita anopenga; arikuzama kunyudza vanhu mumvura arizasi ikoko. Maona? Nekuti hapana chiripo nemurume iyeye. Nekuti mapfekero ake haasi ehanzu dzakanaka. Akazviputira nedehwe regwai.

Ndizvozo, wakaromboka zvakananyanya. Nei, chikoro chipi chefundho dzeBhaibheri chaakabuda machiri? Ikadhi ripi rokuyanana raiva naro? Zvino isu hatibatidzani pamwe naye mumisangano yake. Isu tichangomusiya arizasi ikoko uye tozvirega zvife.” Maona? Nyika haina kumboshanduka zvizhinji, kunyangwe hurongwe hwayo. Uh-huh. “Tichamusiya ari ikoko zasi uko. Haana kana...”

Munoziva here chikonzera asina kutevera nzira idzi? Murangarire, baba vake aiva mupurisita. Asi sei asina kutevera nzira yababa vake, yaiva tsika yaitevedzwa mumazuva iwayo? Nekuti waiva nechimwe chinhu, Mharidzo huru kudarika yaivako. Aifanira kuzivisa Mesiya, nokuti Mweya Mutsvene Akanga Azvitaure. Kaboka kaduku kevakasara kakanga kadzorwa neMharidzo ya Gabriel, zasi uko, kaizviva kuti zvaizova saizvozo. Saka tinoudzwa kuti pamakore mapfumbamwe okuberekwa, wakaenda kurenje. Mushure mokurasikirwa nababa naamai, iye wakaenda kurenje, nekuti waifanira kunzwa nemo-nemo. Nekuti, muchivakwa chikuru chaivapo chefundho dzeBhaibheri, vangadai vakati kwaari. “Zvino, ndinoziva kuti ndiwe unofanira kuti uzivise Mesiya. Isaya wakataura kuti uchauya, saka iwe uchava inzwi iroro. Zvino, hauzivi here kuti Hama Jones varipano vakafitwa nazvo nemo-nemo?” Uye wazokurumidza kunyengeredzeka. Asi haana kumbodzidza hurongwa hwavo. Mharidzo Yake yakange yakakoshesa. Wakaenda murenje kundogara.

47 Mucherechedze, mharidzo yake yakanga isina kufanana neye wefundho dzeBhaibheri. Waiparidza achishandisa mimvuri. Wakati, “Oh chizvarwa chenyoka.” Achidaidza vakuru vezvekunamata kuti, “nyoka.” Nyoka, ndicho chaiva chimwe chezvinhu zvakaipisa chaakaona murenje. Iye ndokufunga saizvozo, “Ndicho chinhu chaicho chandinoziva chingatoredzera zviri vanhu ava.” Iye akati, “Imi chizvarwa chenyoka, ndiyani wakuyambirai pamusoro pehasha dzinouya? Musatanga kutaura muchiti, 'Isu tiri veboka iri kana iro,'” nekuti Mwari Anogona kumutsa matomba awa kuti ave vana VaAbhurahama.” “Matombo awa,” zvinhu zvaakaona murenje uye nepamhenderekedzo dzorwizi.

Zvakare, “Kunyangwe demo,” chinhu chaakashandisa murenje, “rakagadzwa pamudzi wemuti,” zvinhu zvaakaona murenje. “Muti woga-woga usingabereki zvbereko zvakanaka,” waiziva paaitora huni dzokuvesa, maona, “unotemwa uye wokandirwa mumoto,” unoitwa huni dzokuvesa. Maona? Mharidzo yake yakanga isina kufanana navaparidzi vefundho, kwete kana mbijana. Yakanga yakazorora pazvisikwa, zvaiva murenje. Asi aiva nemharidzo yokupupura, uye aiva nokutenda muMharidzo yake, kutaura achiti, “Mesiya Uya, avapedosa kuuya, mukuti Aripo pakati penyuru iyezvino. Ndinoti kwamuri, Aripo Iye amire pakati penyuru, wamusingazivi, shangu Dzake handina kukodzera kudzitakura. Achakubhabhatidza NoMweya Mutsvene uye noMoto.

“Ndianiko waunoreva Uyu, Johani?”

“Handizivi.”

48 Asi rimwe zuva, kwakauya Murume wechidiki zasi kurwizi achifamaba, Murume wairatidzika sewamazuva ose. Ipapo mu... Mukweguru Johani Mubhabhatidzi akange akamira ipapo, iye muporofita akaropafadzwa akanga akwegura, uye akabva atarira mhiri kwaJorodhani. Akabva ati, “Tarirai Gwayana RaMwari rinobvisa chivi chenyika.”

“Wamuziva sei nhai Johani?”

“Iye Akandiudza ndiri murenje, akati kwandiri ndigoenda ndibhabhatidze nemvura, Akati kwandiri, “Pamusoro PoUyo wauchaona Mweya WaMwari Achiburukira PaAri, Ndiye Iye Uchabhabhatidza NoMweya Mutsvene.”

Mharidzo yake hayaigona kuva panheyo dzefundho dzeBhaibheri kana kuzorora pazvitendwa zvavanhu zvavakamisikidza sohurongwa. Yaifanira kubva Kuna Mwari.

Nokuti, Mharidzo yake haina kuvazunza zvakananyanya. Vakafunga mupfungwa dzavo vakati, “Oh, iye ati akaona Izvi. Ndinopokana nazvo zvakananyanya. Ini handina chandakaona. Ndakatarisisa. Oh, inizvangu! Handina chandakaona pazviri,” ivo vapurisita navamwe vose ndivo vakatura izvi. Asi iye akanga aZviona, uye tinozviva ikozvino kuti akanga aZviona. Chokwadi, akazviona. Asi munocherechedza here zvazvakatora? Haina kunyanya kuvabvongodza kuti vabude muhope dzavo. Vakaenderera mberi vakadaro, ndokudimura musoro wake, zvakadaro. Asi hai-haina kuvabvongodza.

49 Asi yakakwanisa kubata vashoma vakasara, ivo vava vaiva NoHupenyu mavari, kaboka kaduku, Anna-naSimioni, uyewo navashoma avo vakanga vakamirira Kuuya KwaShe.

Uye Anna, mutemberi, aribofu, iye muporofitakadzi waishumira Ishe kuburikidza nomunamato. Uye rimwe zuva paakange ari MuMweya... Uye Simioni wakanga aporofita uye akati, arimukweguru kudaro, akati, “Mweya Mutsvene Akandiudza kuti handizofi dakara ndaona Kristu WaShe.”

“Zvakanaka,” munoziva vamwe vapurisiti, munoziva, vakati, “Mukweguru anopisa tsitsi, arikuti rotomokei zvishoma, munoziva. Nei, rimwe gumbo rake ratova mubwiro zvino, uyo rimwe rotsvedzera mubwiro. Nei, regai henyu akadaro. Anga ari mukweguru anechiremerera nguva yose iyi. Asi ikozvino

wava... Asi, munoona akanga akabatei? Zvakazarurwa kwaari NoMweya Mutsvene.

Ndicho chinhu chimwechete chiri kuzarurwa kwamuri imi vanhu masikati ano. Mweya Mutsvene Akakuunza pano nechinangwa. Iye mu... Iye Mweya Mutsvene! Tarisai vapurisita ava uye vaparidzi varipano veMethodist, Baptist, Katorike, uye vamwe vose. Vakafambwa NaMweya Mutsvene. Nguva yasvika. Saka Mweya Mutsvene akafamba pavari, uye vakanga vaciMutsvaka, vaine nzara Naye.

Ipapo, mungu...

50 Mune rimwe zuva, munoziva kwakanga kusina terevhizheni. Ndinotenda Ishe nekuda kwezuya iroro. Saka, ikoko, ikoko, zasi uko murutivi rezvikomo zveJudhiya. Kwava ne-neMwana akaberekwa. Nyeredzi huru yakaonekwa, uye nezvimwe zvakadaro. Asi mushure mamazuva masere, amai vakauya NoMwana uyu, akaputirwa ne, nejira rinoiswa pamutsipa wemonzombe kana ichirima. Raiva jira rinoiswa pamutsipa wemombe ichirima. Ndakaudz-... Ndakaudzwa ndizvo raiva... Pakanga pasina chimwe chokupfekedza. Kaiva ka-kajira kaduku kaiiswa pamutsipa wenzombe ichirima, Ndakaudzwa kudaro, ndiro raiva jira rokupfekarake. Zvino heuno Josefa anouya uyewo navamwe, ndokuuya ipapo nomwana wake.

Ndinoona vamwe vanaamai vachinomira chihambwe naye, vakabatawo vana vavo vainge vakapfeka hanzu dzeshinda uyewo nezvimwe zvose. Ndokuti, "Honai zviri apo izvo. Maona? Maona? Uyo aripapo. maona? Wakapiwa pamuviri nomurume uyo. uyo avakupinda zvino. Garirai kure naye. Garai murikure." Vanofunga zvinhu zvimwechete.

Asi, Maria, akabatwa Mwana Uyu mumaoko ake, hazvina mutsauko wazvakaunza zvisine namafungiro avo. Aiziva kuti Mwanakomana Uyu Aiva WaAni.

51 Ndizvowo zviri mutendi wose anogamuchira Shoko RaMwari richipinda mumoyo wake! Handina basas nokuti humwe huongwa hunoti kudii. Unoziva zvaChiri Chinhu Ichi. Ivimbiso YaMwari. Yakazarurwa kwauri NaMweya Mutsvene, pawakafukidzirwa NeSimba Rake. Unoziva PaChiri.

Hakuna munhu anekodzero yekupaidza Ivhangeri dakara asangana NaMwari seri uko kwerenje pagwenzi rinopfuta, pasingawanikwi hurongwa hwezvekunamata hwenyika hungadzotsanangura kuchipurura chitiko Ichi kubva kwauri. Wakana uriko. Chitiko chakaitika kwauri. Handina basa nekuti hurongwa uhu hunoti kudii. Wakazvipupurira zvinhu izvi. Hallelujah! Ndinonzwa mandiri sokunzwa kwomurume uya wechitema wandakataura nezvake, "Handina nzvimbo yakakwana pano ikozvino." Maona? Ndinonzwa kuva wemweya ikozvino, apo ndinozvifunga. Uyewo ndizvo chaizvo. Mwari, Pachake, azarurwa kwauri.

52 Simioni akange aine vimbiso. Zvino agree hake muimba yokuverengera mangwanani iwayo, oh, ndinofunga kuti paiva nemazana akati kuti avana vaiunzwa, mangwanani ega-ega. Munyika iyi muine vaJudha vangasvika mamiriyoni maviri nechidimbu, uye vana ava vaiunzwa, uyewo vazhinji vachiberekwa. Mazuva masere oga-oga amai vaiuya, vopa chipiriso chokucheneswa. Zvino panouya ipapo... Simioni, agree zvake ipapo, munoziva, achiverenga manyorwa aIsaya. Handizivi. Asi ipapo-ipapo...

Zvino kana Mweya Mutsvene akupa vimbiso, Mweya mutsvene anofanira kuizadzisa vimbiso iyoyo, kana VariMwari. Iye, kana Iye... Kana mumwe munhu akauya uye otaura chimwe chunhu, Mwari Orega kuchitsigira, hachisi cheMagwaro, pakutanga kwazvo. Kanganwa nezvazvo. Kana munhu akati ndizvo izvi, uye Mwari orega kutsigira, handizvo. Nekuti, Mwari Anodudzira Mharidzo Yake. Iye Anozvidudzirira. Kana zvaataura munhu uyu zvikaitika,, zvino Mwari akati, "Munzwei iye, nekuti Ichokwadi." Izvi ndizvo zvoga zvakakwana. Kana munhu ati zvichaitika, zvobva zvaitika, ndipopaperera nyaya yacho. Ndizvo zvazvinofanira kuva nguva dzose, kuva Chokwadi nemo-nemo, nekuti Mwari Haarevi nhema.

53 Saka zvino heuno Simioni agere hake ipapo, achipindana nokutambudzwa. Ndiye aiva wevashoma vakasara. Akanga anzwa kuparidza kwa Johani, uyewo kaboka kaduku kevashoma vakasara kezuya iroro. Uye hewuno agere ipapo, achiteerera manyorwa awa, achiziva hake. Ndinoreva kuti, achiziva hake kuti Johani wakanga achiuya, nekuti aiva-aiva chikamu chevashoma vakasara. Shoko rakazaruka kwaari. Uye ipapo-apapo, Mwana Uyu akati apinda mutemberi, zvino rakanga rava babsa RaMweya Mutsvene kuti azvizarure kuti Akanga Auya. Naizvozvo iye, akafambiswa NaMweya Mutsvene, ndokubuda mukamba kaduku aka kokuverengera, ndokudzika nomuhoro umu, ndokusvikapaiva nomutsara wamadzimai. Ndokutevedza mutsara uyu wamadzimai dakara asvika paiva NoMwana Uyu, vose zvavo hakuna waida kuswederwa pedyo naye. Ndokubva atakura Mwana Uyu muruoko rwake, ndokuti, "Ishe, Chitenderai Henyu muranda wenyu aende norugare, nokuti meso angu aona Ruponeso Rwenyu."

Uye panguva imwecheteyo, umwe wavashoma vakasanangurwa vezuva iroro, aiva Anna, muporofitakadzi. Akanga agere nechekuko, aribofu, ari mukona. Akabva asimuka, ari bofu. Hewo ndokuuya, achitungamirirwa NaMweya, pakati pemadzimai ose uye nemhomho yakange ichipinda nokubuda mutemberi, kusvikira asvika chaipo paiva NoMwana Uyu Kristu. Kana Mweya Mutsvene akatungamirira mudzimai bofu KwaAri, anozodii kuboka reChipendekositi rinofanira kuva nemaziso awa

amuinawo? Regai ndigumire ipapo. Munoziva kubva ipapo zvichienda mberi.

Mucherechedze, oh ini zvangu! Kuti kereke inofanira kunge yaiva mumatope akaipisa zvakare, inofanira kunge yanga yakadaro, muzuva iroro! Asi yakazunza vamwe vevashoma vakasara, sokutaura kwanadaita.

54 Zvino ngatitendekei. Kana tichiona kereke iyi irmuchinhanho chimwechete nhasi, hatina here kusvika munguva dzimwechedzo zvakare? [Ungano inoti, "Ameni."-Ed] Zvino chingotarira pazvinhu zvevimbiso, zvemuBhaibheri, zvinenge zvichiitika mukereke panguva ino. Tirikuona zvirikuitika munyika, uye tinoona kuti yava kumagumo kwayo. Zvino ngatichitarisai zviri mukereke.

Iyo (kereke) yakava namarwadzo okubereka pasi paLuther. Zvino, tinoziva kuti kunamazera manomwe amakereke, nenhume nomwe kumazera awa amakereke, maringe nebhuku yaZvakazarurwa. Zvino, Luther paakange ouya zvakakandidzira kereke mumarwadzo okubereka, asi yabereka Luther. Ndizvozvo.

Mushure mezvo, yakabva yapinda mudambudziko zvakare, saka yakabva yabereka Wesley. Ndizvo chizvo. Ndokufambira mberi zvakare, ndokubva yabereka Pendekositi. Mumwe nemumwe wavo (vatumwa vezera ravo) vakazununguka vachidzokera kuShoko, mharidzo yezera ravo, mharidzo maererano neBhaibheri. Ndirikuunza, bhuku, richabuda pamusoro pezvo, rinopa tsananguro pamusoro pezvitsauko zvina zvokutanga zvebhuku yaZvakazarurwa. Muriverenge, kana tangoridhindha. Uye rino nyatsoratidza, pasina kanoti n'ape kwokupokana, zvaiva mharidzo yaLuther, kururamiswa; uye kuti kucheneswa chii, chinova chinhanho chepiri pakuberekwa kwepanyama. Uye pozouya ipapo Pendekositi, ndizvozvo chaizvo.

55 Zvino mucherechedze, chizvarwa choga-choga chaizunguza kereke uye yopiwa marwadzookubereka. Asi vaiitei? Mushure mokuuya kwamarwadzookubereka, pachinzvimbo chokuenderera mberi NeShoko, vaizondotora boka ravanhu zvakare rivakombe sekuita kweyokutanga. Ndizvo chaizvo. Mushure mokunge vapostora vaizunguza, zvino tinoona yotaramuka zvakare. Uyewo tinoona kuti, kwakauyawo vamwe, vanaAgabus uye navazhinji vavandudzi kumashure uko. Chizvarwa chog-choga chakanga chazviita, paunoverenga nhorondo yezvakaitika musangano weNicaea usati waitwa, napamusoro pemadzibaba eNicaea, uye uchidzokera kumashure kwose uko. Zvose izvi unozviwana imomo. Chizvarwa choga-choga chakazunguzwa, nguva nenguva idzi nhumwe yaibva yauya iine "ZVANZI NAJEHOVHA."

Ikozvino yava muchinhanho chakaipisa, mukuti, maringe neGwaro, kudarika zwayakamboita. Tava muchizvarwa cheRaodokiya, "Chizvarwa chekereke chakapfuma, asi chakapofomara, chisingazvizivi." Hakuna chimwe chizvarwa icho Kristu akadzvingwa mukereke, kunze kwemuchizvarwa cheRaodokiya. Iri muchizvarwa chakaipisa. Yakaoresa kudarika zwayakamboita. Chinotaura chichiti, "Ndigere samambokadzi, handina chandinoshayiwa." "Asi vasingazivi kuti havana kusimira, vanopisa tsitsi, vakapofomara, vari varombo, uye vasingazvizivi." Hongu, changamire. Zvikanzi, "Ndinokupanga zano, huya utenge Kwandiri mafuta anozodza maziso kuuti aone, kuitira kuti Ndigozarura maziso ako." Uye izvozvo zvicha-zvichaita kuti... Mushonga wokuzodza maziso uyu unobva Kuna Mwari uchaita kuti Chiedza chiuye mukerere zvemazviro kwazvo ndokunge iyo Ichida kuzarura meso ayo kune zvakataurwa naMwari.

56 Mucherechedze, tichikurumidza zvino. Zvino, iri muchinhanho ichi, pasina kanoti n'ape kokupokana. Tavamo muchizvarwa cheRaodhokiya. Zvino, ane vimbiso yenhume yake, imo muna Maraki Chitsauko 4. Akavimbiswa kuti achazviita. Uyewo Mharidzo yacho inodzora Shoko, kudzora vanhu KuShoko. Kuberekwa kunofanira kuvapo. Inofanira kubereka, kuBerekwa kutsva, zvichienderana naMaraki Chitsauko 4.

Imo munharaunda yemakerere nhasi, mune hurongwa huviri hurikushanda. Zvino chiteerera zvakanyanya. Zvino ndinoda kuona kuti muchati "ameni" here pane izvi. Huripo hurongwa huviri hurikushanda munharaunda yemakerere nhasi. Ndichaburutsa mutoro uyu nhasi kubva pamafudze angu, uye ndiwane kurerukirwa pazviri. Tinozviziva tose kuti zviviri izvi ndiro Shoko RaMwari, uyewo nohurongwa hwamasangano. Pane hurongwa huviri hurikushanda. Sezvaiva kuti paiva, naJakobho uyewo na Isau; mumwe waiva womweya mumwe ari wenyama. Uye zvaiva zvakamira sei? Isau naJakobho vakanga vachirwisana vari muzvizvaro zvaamai vavo, kusvikira munguva yokuzvarwa kwavo. Uyewo ndizvo zvazviri pakati pevemasangano NeShoko, kurwisana, chimwe chichipesana nechimwe. Zvakagara zvakadaro, kubva zvaunzwa kuvandudzwa kwokutanga naLuther. Ndinovimba kuti zvakajeka zvakakwana kuti muzvinzwisise. Maona?

Varuma ava, kana vakatora Chinhu Ichi uye vobva vaenda Nacho, vanogona KuChipa chirevo chirinani, KuChisvitsa munzvimbo iyo yaungada. Ndinongoda kudyara Mbeu Iyi, ndovanekuvimba kwokuti vachaita kuti Igova NoHupenyu.

Mucherechedze.

57 Maona, Zvakagara zvakadaro nguva dzose. Ndicho chikonzero irikuva namarwadzo okubereka, nekuti

panekurwisana kurikuitika mairi. Aripo Isau, iye munhuwo zvake wenyika, anoda zvekunamata. Uyewo, oh, munhu wakanaka, muchinda akanaka, akachena, ainehunhu, sokuziva kwandingaita, haana chaanoziva pamusoro peHudangwe. Akangoberekwawo akadaro. Akangoumbwawo saizvozvo. Uye Jakobho, handina basa kuti akaitasei, Hudangwe anohuda. Ndiye munhu wemweya. Uyewo vaviri ava, nhasi, varimo muchizvaro chekereke.

Pane humwe hurongwa hukuru kwazvo hurikuedza kuumba, hunodaidzwa kuti Mubatanidzwa Wamakereke Epasi Rose. Uyewo kubva muchizvaro chekereke munobuda vana vaviri. Mubatisise mashoko angu awa. Nyika... Shoko Rinofanira kubereka Kereke YoMwenga WeShoko. Kereke Iyi inofanira kuberekwa kubva mairi, iye Mwenga WaKristu. Ivo vava vakavata muzvizvarwa zvole vachauumba Mwenga uyu akabva MuShoko ravakagamuchira, szozvinoita mukukwidza kubva mutsoka dzako kusvika kumusoro wako. Mukuwedzerawo ku-kukura kwake, ndikowo kuwanda kwezvanowana, uye nezvimwewo. Sokukura kunoita mutumbi, ndiwo makuriro mawechete anoita Mutumbi WaKristu. Uyewo pokugumisira Musoro Unouya kuzogara pamusoro peMutumbi, Musoro WeMutumbi unotouya.

Zvino, kana tikazvicherechedza, Mutu-Mutumbi wose unobatana NoMusoro. Musoro Ndiwo unocheka, unodhonza.

58 Asi humwe hurongwa hwose uhwu haugoni kukura kubva pane Izvi, nekuti hurongwawo hawo, uye haungabereki. Chinama hachingagoni kubereka musumbu wegorosi. Asi zvole zvinowanikwa mumunda mumwechete, ndokudiridzirwa nemvura imwechete, uye nokuwana zuva rimwechete. Chimwe Ndiro Shoko; chimwe hachisi Shoko. Uye zviviri izvi zviri kurwisana. Zvakabvira kurwisana munguva dzouvandudzi hwokutanga, uye nanhasi zviri kurwisana.

Zvino handingadi kutaura zvimwe zvinopfuura izvi panyaya iyi, zvingada here Ndidaro? Chokwadi munoziva zvandiri kutaura nezvazvo. [Ungano inoti , "Ameni."-Ed] Hongu changamire. Hezvo tazviona. Hezvo mazviona, hurongwa. Uri muhurongwa hupi?

Imbofungai nezvazvo zvino, dai wakararama kare uko mumazuva iwayo, pasi pokufamba kunovhundusa kwavaporofita VaMwari ava uye pasi PeShoko Rakaunzwa ipapo, rutivi rwupi rwaungada kutora mazuva iwayo? Zvakanaka hazvo, une mukana wesarudze imweyo nhasi. Iri kugadzirira kuti ibereke Shoko Rakakwana seri uko, uye Shoko Riri kuvinga Mwenga akaumbwa NeShoko. Se-sezviri mudzimai kuti chikamu chomurume, akatorwa mumurume, saizvozvowo Kereke Inofanira kuva Inofambidzana NeShoko, Shoko Rose zvaro riri muBhaibheri; kwete hurongwa hwavanhu, zvitendwa zvavanhu, kana kuwedzera chipi nechipi Kwariri. Rinofanirwa kuva Risina charakasanganiswa nacho, rakachena, rakarurama Iro Shoko! Ndizvo!

Uye namazuva eChiedza chavaLuther, apo kereke yakadzivisa zvinesimba, kumanikidzira kwaLuther... Yakapindana namarwadzo, asi iye wakauya ipapo, "Vakarurama vanorarama nokutenda. Uye chinhu ichi handicho chirairo."

Zvino, tinoona kuti, pasi pemazuva aJohn Wesley, yakava namarwadzo zvake, asi kwaka-kwakava naWesley akaberekwa. Asi iye akaitei? Akadzokerazve shure sezvakaita mai.

Zvino pasi pemazuva avaPendekositi, vana baba venyu anaamai venyu vakabva vabuda muchinhu ichocho uye vakachivenga. Vakaenda kunze uko mumugwagwa, amai venyu vasina sokisi mugumbo, ndokuridza mugomo wasakara wesimbi sengoma, uye vakataura pamusoro porubhabhatidza RwoMweya Mutsvene, uye vachiridza rimwe gitare rasakara. Vakagara mumugwagwa wedzimota, ndokugara mujeri husiku hwose. Uye isu takatondhura zvakananyanya, uye ndokudzokerazve musanganano uye ndokuzvigadzirira matope mamwechetewo, zvakananyanya vana vavo vachidzoka shure, kupinda muchinhu chavakanga vabva machiri. Vanababa nanamai ava vanotsamwa nokuvhunduswa nazvo varimumabwiro avo. Vanozonyara nokuda kwenyu. Ndinoziva kuti zvakaoma, asi ndicho Chokwadi. [Ungano inoti "Ameni."-Ed]

59 Imi moti, "Ndafunga kuti une rudo navanhu." Kana rudo rwusinga tsiuri, ungoni sei kubereka rudo? Rudo rwunotsiura. Uye nyika ndinoida... Ndine-ndineshingu nekereke YaMwai. Zvino pandinoona hurongwa uhwu hwunoideredzera pasi nokuda kwezvitendwa, uye irikuora ichiparara. Uyewo Mwari Ari kuipupurira Shoko Rake kuti Ndiro Chokwadi, asi iyo inoramaba yakabatira pazviri. Amen. [Ungano inoti, "Ameni."-Ed]. Ichokwadi. Munozviva kuti ichokwadi, hama, hanzvadzi, ["Ameni."]. Ndizvo Izvi. Ndiyo nzira yakareruka yekuChitaura. Haku-hakusi kuvhendenyura chiGreek, uye zvimwe zvakadaro, asi kuvhendenyura uye nokuratidza maonero kwawo pazvinhu. Zvechokwadi munogana kunzwisisa zvinhu Izvi. Zviviri zvapaketwa ruviri zvinokupa zvina. Maona? Zvino tinozviva kuti Ndizvozvo.

Zvino, Shoko rinofanira kubereka Mwenga.

60 Asi hurongwa hutsaru uhwu hwunofanira kuva nenhodzera dzahwo; Hunofanira kubereka Isau uyo akatengesa hudangwe hwake.

Hezvo zvauya; Ndinozvinzwa mandiri! Ndinovimba hamufungiri kuti ndasangana musoro. Zvakanaka

hazvo, kana ndakasangana musoro, regai ndakadzro. Ndinonzwa kuitirwa zvakanaka ndakadai. Ndiri nane ndiri saizvozvi pane kusava saizvozvi. Ndino-ndinogona ndakasangana musoro, kune venyika. Ndino-ndino-ndinoziva pandiri. Ndinoziva pandimire.

Tarirai, huchabereka mwana akafa, ihwo hurongwa hwezvekunamata hwenyika huchabatanidza pamwechete masangano ose zvawo, kuti vagobereka Isau iye anovenga Jakobho. Ameni. Ndinovimba murikuzviona, mwana akafa, sangano rakafa, vose havo mukubatana kwavo.

Oh, vatendi VeShoko, zvipirei kuMharidzo yangu. Ndinzwei, haisi Mharidzo yangu, asi Mharidzo Iyi Ndeyake Yaano zvipupurira zvinesimba kuti Ndiyo Chokwadi. Unofanira kuti usarudza kubva pane imwe nzvimbo. Haugoni kuramba ugere pane izvo zviya mushure mokunzwa izvi. Unofanira kuti utore sarudzo.

61 Murangarire nerimwe zuva riya, zasi uko kuWestward uko, mangwanani aya, pamusangano watakaita tichidya kudya kwamangwanani, kuti Ishe Wakanditendera kuti ndikuratidzei nezvegorosi riya? Kuti tsanga iyi yakafamba kubudikidza naLuther, ndobva yafamba kubudikidza naWesley, uye ndokupinda nomumuchekechera, uye nezvimwe zvakadaro, uye nokuva rurebvu, kereke yoga-yoga yakamiririrwa mushanga regorosi. Ndokubva yadzokazve kunova zvakare gorosi, sezvayaiva, uye paiva nekagwande aka, kairatidzika sokunge ndiko chaiko tsanga yegorosi. Ukaenda wonozvitarisa, kana usingazive zviri gorosi rako, unototi wava negorosi ipapo, asi ringori gwande. Zvino ukafurura gwande iri, hauna gorosi raunowana, zvachose. Nechekumashure uko, kune kabukira kehupenyu kari kuuya. Unofanira kutora girazi rinokwevera zvinhu pedo kuti zvionekwe uye wotarira. Uye apo Pendekositi payakatanga kuuya, yaiva pedosa, Jesu Akataura muna Mateo Chitsauko 24 ndima 24, "Zvaizonyengera VaSanangurwa dai zvaikwanisika."

Vakauya kuzodii? Kwaiva kutsigira tsanga. Ndizvozvo here? [Ungano inoti, "Ameni."-Ed]. Zvino muchekechera... Tarisai zviripano. Bukira reshizha hariratidzi kufanana netsanga yakadzvarwa, kunyangwe nomuchekechera hauratidzi kufanana netsanga yakadzvarwa, muchekechera unoti fananei zvisoma netsanga. Uye gwande runonyanya kuratidza kufanana netsanga, asi zvisisne handiro gorosi. Rinongotakura bedzi gorosi.

62 Hamuoni here kuuya kwakaita mharidzo idzi dzenhume dzichiuya namarwadzo okubereka? Asi Hupenyu Hwakafamba hukabudamo, kuti huende kumharidzo yenhume yaitevera. Hupenyu Hwakabuda muna Luther, ndokupinda mumharidzo yaWesley. Ndokubudazve mumharidzo yaWesley, Hukapinda mumharidzo yePendekositi. Zvino yava nguva zvakare, yokuti Hubude mugwande. Zvii zvinenge zvichiitika? Hewo husikwa, muchimiro chipi nechipi, huchipupurira kuti Icho Ndicho Chokwadi.

Zvino munoona here chikonzero muchifunga kuti ndakasangana musoro. Zvichida ndakasangana musoro, sokutaura kwandamboita. Asi chirimo Chimwe Chinhu mandiri. Handigoni Kuchimisa. Handini ndakaisa Chinhu Ichi imomo. Hachina kuuya nokusarudza kwangu. ndiMwari. Uye Iye Ndiye AnoChisimbisa, kuratidza kuti Ndicho Chokwadi, kuChiita Chokwadi. Kwete kuti ndine chandinopesana naLuther, pamwe naWesley, vaPendekositi, kana maBaptist, kana ani naani zvake. Handina chandinopesana naani nani zvake. Ndinopesana nohurongwa hwavo, nekuti Shoko Rinopesana nahwo; kwete kupesana navanhu. Tarirai vapurisiti navashumiri varipano ava, nhasi. Hazvaigona kuti vange varipano dai vaiteerera hurongwa hwavanhu, asi vangovanohushingi humwechete, HweShoko RaMwari, kuti vabude kunze uye kuti vaChigamuchire. Hallelujah zvinoreva kuti "Mwari wedu arumbidzwe." Hazvikukuvadzei. [Mumwe munhu anoti, "Ameni."-Ed.] Zvonoreva kuti "ngazvive saizvozvo." Ndinozvitenda Izvi. Ndinotenda uye ndinoziva kuti Ndicho Chokwadi. Chakasimbiswa kuti Ichokwadi. Rimwe zuva uchazozviona, zvichida nguva inenge yapera.

Zvino chicherechedzai. Mucherechedze.

63 Bhaibheri rakati, "Mudzimai Wake Azvigadzirira," pakuguma kwechizvarwa. Ko AkaZvigadzirira sei, kuti Agova Mudzimai Wake? Uye Mudzimai Uyu Anoitei? Imhando yakadii yehanzu YaAkapfeka? Shoko RaMwari mbune. Mudzimai Uyu Akanga Akapfeka Kururama KwaMwari. Ndizvo izvo. Ndizvo chaizvo. Maona? Chiratidzo!

Mucherechedze, mukuvhara manje-manje. Ndoda kutaura chunhu chimwechete ichi tisati tavhara. Ndicho chanditungamirira kuti nditaure izvi. Zvino, ndiyo "ZVANZI NAJEHOVHA." Kana munhu akataura achidaro, ipo pasina, achiisa mazviri pfungwa dzake, anova munyengeri uye anofanira kuenda kugehena nokuda kwaizvozvo. Ndizvozvo chaizvo. Kana akaedza kukokorodza boka ravanhu, vanhu vakanaka sevava, uye obva avanyengera, nei, anenge ari dhimoni munyama yomunhu. Mwari Haafi Akamupa chiremerera. Munofunga here kuti Mwari Angaremekeza dhimoni kana nhema? Hazvigoni. Maona? Zvinopfuura napamusoro pavo, uye havazvibati. Iye Anokweva VaSanangurwa vabude kunze.

64 Tarisai pavporofita vose muzvizvarwa zvose, kuti Waitora VaSanangurwa vake sei. Tarirai, tichidzika munzira yose, kunosvika munguva dzokuvandudzwa. Sezvazvakaita kuti, kerere yeKatorike yakapisira Joan we Arc pamatanda, vachimupomera huroyi. Ndizvo chaizvo. Aiva mutendi mudzimai uyu. Ndizvo hazvo, vakazoita basa rokuzvirwadzisa vachida kudzima chivi ichi, mukuchera mutumbi womupirisiti

ndokuukandira murwizi. Asi, munoziva, izvozvo hazvingagadzirisi chinhu mumabhuku Aiye Mwari. kwete!

Vakapomera Saint Patrick, zvimwechete, mazviona, uye zvaakapomerwa zvakangofanana nezvandingapomerwawo nhasi. Saka, tinocherechedza... mutarise pavana vake. Mutarire nzvimbo yake, kumusoro uko, mutarire kuti vangani vakaurawa. Tarisai parungano rwavazhinji vakaurairwa Mwari mugoona kuti vangani vakaurawa ipapo. Mazviona, hazvina kuita saizvozvo. Asi matauriro avanhu, haizviite kuti zvive saizvozvo. Ndeizvo bedzi zvakataurwa NaMwari uye akazvisimbisa, ndizvo Zvechokwadi. "Edzai zvinhu zvose. Murambe makabatira pane izvo zvakanaka."

65 Zvino tinoona kuti, zvino, kuno uku mumwedzi mishoma yadarika, mamwe mangwanani, ndakafamab ndichibuda mumba, uye chiratidzo ndokuuya. Uye ndinoisa pamangange ani naani zvake aripano, ane paanoziva makore ose awa, kuti ataure nezve nguva imwechete zvayo iyo Ishe Vkatendera kuti nditi, "ZVANJI NAJEHOVHA" uye zvikasaitika. Vangani vanozviziva kuti Ichokwadi? Simudza ruoko rwako. [Ungano inoti, "Ameni."- Ed.] Zvakanaka. Aripo here anoti manyepo? [Hama Branham vanonyarara. Ungano inoramba inyerere.] Ichokwadi.

Musatarira nhume. Tarirai PaMharidzo yake. [Ungano inoti, "Ameni."- Ed.] Ndizvo zvazviri. Maona? Musacherechedze uyo mudukusa [Tepi inonyarara.] anemhanza, wamunoziva, munhu, nekuti ango-angoriwo munhu zvake, tose, tose takangofanana. Asi honai zvirikuitika. Ndizvo zvinozvipupura.

Ndakabva ndatorwa. Zvino, ndinoziva kuti vanhu vanotaura zvinhu zvakawanda-wanda, uye tinoziva kuti zvakawanda zvacho hazvina kunaka. Handigoni kupindurira, zvinotaurwa naani zvake. Ndinofanira kupindurira izvo zvandinotaura ini. Ndinokwanisa kutaura kuti Ichokwadi here, kana kuti kwete. Uye ndi-ndi-ndini ndinofanira kuva nomungava pamusoro pazvo, kwete zvinotaurwa noumwe munhu. Handigoni kutonga ani naani zvake. Handina kutumwa kuzotonga, asi kuzoparidza Mharidzo.

66 Muzvicherechedze, Ndaifanira ku-kufanoona zvinozova Kereke. Uye ndakatorwa Noumwe Munhu wandisina kunge ndaona, uye ndakakwidzwa, sezvingaita, nzvimbo yakakwirira. Uye ndakanzwa mhanzi inotapira yandisati ndambonzwa. Uye ndakatarisa, chaiuya... uye raiva boka duku ramadzimai, vaiita sokunge, vairatidza sokunge vezera, oh, vezera ringava makore makumi maviri okuberekwa (gumi namasere, makumi maviri), Uye vaiva nebvudzi refu, uye vakapfeka madhirezi akasiyana-siyana, mhando yawo, madzirezi awa. Uye vakanga vachifamba nenhanho dzakafanana kwazvo, dzakafanana nemhanzi iyi, nemo-nemo. Uye vakafamba vachibva nokuruboshwe rwangu, vachipotera nokuku. Uye ndakavatarisa. Uye ndakatarira kuti ndione Waitaura neni, uye handina wandakaona.

Zvino ndakanzwa boka revanoridza rock-and-roll richiuya. Uye pandakatarisa kurudyi rwangu, vachikwidza kubva nekuku (kudzoka uku), haano makereke enyika achiuya. Uye vamwe va... Umwe noumwe wavo akatakura mureza wokwake, wekwaaibva. Zvaiva zvimwe zvezvinhu zvakasvibisa zvandisati ndamboona muhupenyuhwangu! Zvino kereke yerudzi rweAmerika payakauya, zvaiva zvinhu zvakanyanyisa kuipa zvandakamboona. Baba veKuDenga vanondipupurira. Vakanga vakapfeka zvirokwe zvoruvara rwakazvibira (sezvinopfekwa navasikana ava vemumabhawa) zvisina misana zvirokwe izvi, kumusoro uku; zvakaremba saizvozvo sechimedu chebepa rinoruvara rwakasvibira; uye vachitamba nomutambiro wamashavi; vakazora zviso zvavo, nebvudzi pfupi rakagerwa; vachiputa midzanga; vachizvonyongoka, pavaifamba maringe nemhanzi ye rock-and-roll.

Uye ndakabva ndati, "Ndiyo here kereke yekuUnited States?"

Uye Inzwi rakapindura, "Hongu, ndiyo."

67 Uye vakati vachipfuura, vaitokabata sezvizvi, uye nokisa kapepa aka shure kwavo pavaipfuura.

Ndaka-ndakabva ndatanga kuchema. Ndaka-ndakafunga kuti, "Pakushingairira kwangu kwose, ndizvo here zvandakabura izvi." Ndizvo zvose here zvatakashadira pamwechete isu vashumiri... Uye, hama, handi-handizivi kuti munotenda zvezviratidzo ixvi kusvika papi; asi Ichokwadi, kwandiri. Zvakagara zvichiratidza kuti ichokwadi. Pandakaona izvi, uye ndichiziva zvakange zviru kuitika, moyo wangu wakada kuputsika mandiri. "Ndakaitei zvino? Ndakazvpotsa papi? Ndakamira nezvinodiwa NeShoko, Ishe. Ndaifanira kuzvifambisa sei?" Ndakafunga ndikati, "Nemhaka yei Musina kundipa chiratidzo ichi, chiri chakare, uye ini ndakazvionawo pachangu Machiri? Uye ndikati, 'Zvakanaka, vachatongwa here?'

Iye akati, 'Kunyangwe neboka raPauro, zvakare.'

Ndikati, 'Ndakaparidza Shoko rimwechete neraakaparidza.'" Bepa ReChristian Business Men rakadhindha pamusoro pazvo. Uye ndakati, "Nemhaka yei zvino? Nemhaka yei zvinhu izvi zvaita sezvizvi?" Ndakanga ndaona boka iro repfambi richifamba saizvozvo, vose vakapfeka mupfekero iwoyo, ndokubva yadaidzwa ichinzi, "Kereke inonzi Muzvare U.S.A" Ndakabva ndarukutika.

68 Zvino, ipapo, ndakanzwa mhanzi inotapira ichidzoka zvakare, uye heuno zvakare Mwenga muduku uya wakapfuura nepo zvakare. Iye akati, "Izvi ndizvo zvakabuda, hazvo." Uye wakati Afamba Achipfuura nepo, Akanga Ariye chaiye akafanana Nouya wopakutanga, achifambidzana nemhanzi YeShoko RaMwari,

achipfuura. Uye ndakati ndazviona, ndakamira ipapo ndakasimudza maoko angu ose, ndichichema, saizvozvo. Pandakasvika ipapo, ndakanga ndimire pavharandha rangu panze, ndakatarira nomumunda umo.

Chii? Anofanira kuva Mwenga mumwechete, mhando imwechete, akaumbwa nezvinhu zvimwechete avakaumba Wokutanga.

Zvino verengai Maraki Chitsauko 4 uye mugoona kuti hatifaniri here kuva neMharidzo mumazuva okuguma, "inozoshandura moyo yavana kudzokera kumadzibaba," kudzokera kuMharidzo yapamavambo chaiyo yePendekositi, Shoko pamusoro PeShoko. Hama, tatosvika.

Zvino, kereke inofanira kuwana chiratidzo. Uye chiratidzo chayo chokuguma. Tinoona kuti pano, mu-muGwaro... chionai zvino, maona, marwadzo okubereka makuru arimo muchizvarwa chino cheRaodhokiya. Zvino bhowa. Kereke yavo iri kuberekwa patsva. Kwete kuti...

69 Hakuzovi nerimwe sanagano. Munhu wose anozviziva kuti nguva dzose mharidzo payaiuya . . . Bvunzai vanoziva nezvenhoroondo ava. Mushure mokunge mharidzo yauya, sangano rainyukuka kubva airi; oh, Alexander Campbell, zvimwe zvole hazvo, Martin Luther, uye nezvimwe zvole. Vakaumba sangano kubva mamiri. Uye kazhinji mharidzo inogogara kwamakore angada kuita matatu, rumutsiriro. Ino iyi yafamab kwamakore gumi namashanu, uye hakuna sangano rakanyukukubva mairi. Nemhaka yei? Gwande ndiro raiva rokupedzesera. Tava kumagumo.

Munoona marwadzo aya okubereka? Munoona here zvakakonzeresa? Vashoma vevakasara ndivo vabudiswa. Uye ndicho chikonzero ndirikudanidzira, uye kushingaira, uyewo nokusundira, uye ndiri kudiya mutsa wavanhu vepanyika, kuti ndiwanirwe mutsa NaMwari, uye nokuenderera mberi MuShoko Rake.

Iri mumarwadzo. Ndiro dambudziko rayo. Ichabereka chete. Inofanira kutora sarudzo yayo. Chinyorwa chava pamadziro. Tinoona kuti nyika yavapedyo nokuparara. Ndizvozvo chaizvo. Uye tinoona kereke, yaora zvino, yavapedo nokuenda. Uye zvole zvakabatwa namarwadzo okubereka, akabata pazvole izvi iyo nyika nekereke. Uye panofanira kuva nenyika itsva yavakuda kuberekwa, uye nekereke itsva ichaberekwa, kuti igoenda ikoko, kuMillenium. Tinozviziva izvi.

70 Tarisai. Mwari Anoipa (Uye muteerere kwazvo kuzvinhu izvi. uye ndava kuvhara.) Chiratidzo chayo chokugumisira; Mharidzo yayo yokugumisira, chiratidzo chayo chokugumisira. Chiratidzo chayo chokugumisira, ndechichi, inofanira kupinda muchimiro chayakange iri pakutanga; iyo nyika, iyo kereke... Tarirai zvazviva pakutanga, makore ose awa, irikunze uko, kubva panaMaraki kundobata Jesu. Muzvitarise, makore ose awa zvino. Muzvitarise, kumashure kwose ikoko, kuora kwavakapinda makuri. Tarirai panyika iyi, kuti iyo panguva yoga-yoga, sezvazvaiva mumazuva aNoah, nezvimwe zvakadaro. Inofanira kuva saizvozvo, uye tiri kuzviona. "Sezvazvaiva mazuva aNoah." Tirikuona zvinhu zvole izvi zvichipinda mugwararimwechete.

71 Uye tine chiratidzo chimwechete chokugumisira.

Muna Ruka , Chitsauko 17, ndima 28, Jesu Wakati, "Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazviichava mumazuva Omwanakomana womunhu." Nokuti, sezvazvaiva muSodhoma, mazviona?

Zvino, Jesu Akaverenga Bhaibheri rimwechete neIri, Genesi mumwechete watinoverenga. Zvino, muteerere, musazvipotsa. Bhaibheri rimwechete neratinoverenga, Jesu Akariverengawo. Uye Iye Akati Kukereke Yake, "Dzokerai mutarire uye mugoona mugoona kana mazuva eSodhoma adzoka zvakare," vanhu vakanga vakashonyoroka, varume vasisanzwe savarume. Tarirai hungochani, kuti hwowanda sei pasi rose nhasi, munerimwe bepa nhau manje-manje. Munofanira kumbopinda muhofisi yangu uye mugoverenga tsamba kubva kunanamai, dzavanonyora nokuda kwevanakomana vavo. Uye hungochani hurikutekeshera, ndinofunga kuti, tava nezvikamu makumi maviri nezvishanu kubva muzana kana kuti zviakamu makumi matatu kubva muzana zvevakadaro mu-muCarlifonia, yoga, mugore rakpfuura. Boka guru reva... revari vanhu vari muhurumende, zvakaonekwa kuti dzava ngochani. Imi vari muhurumende munozviziva. Bepa renyu rokuno, ndinoriverenga, uye nezvinhu zvakasiyana-siyana zviri kuitika. Kana muka... [Imwe hanzvadzi inotaura nendimi, uye yobva yapa dudziro. Hanzvadzi imwecheteyo inotaura zvakare nendimi, uye yopa zvakare dudziro. Tepi inonyarara-Ed.]

72 Zvino, kana ndiine kunzwisisa chaiko, pano, pamusoro peGwaro, ndizvo chaizvo zvakataurwa NaMwari kuti zvichaitika: "Uyo unotaura nendimi ngaanamati kuti agogona kuidudzira." Chinofanira kuva chokwadi. Ndakuudzai Chokwadi, uye Mwari Wauya, akaChisimbisa. Ndicho Chokwadi. Ichokwadi.

Zvino tarirai. Mharidzo YaJesu yokugumisira yaiti kudii? "Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma," zvino chitarisai, nyika yavaHedheni iyi isati yapiswa, iwo moto. Zvino edzai kunzwisisa. Chii chakaitika? Kwaiva neboka ravanhu, vaingovawo nhengo dzekereke dxinongodziya, saRoti pamwechete neboka rake vari zasi ikoko Sodhoma. Aivako mumwe murume akanga abuda mairi kare. Aisavamo mairi, pakutanga. Aiva Abhurahamu, iye waiva nevimbiso yomwanakomana akanga achiuya. Mazvinzwisisa? Itai, "Ameni." [Ungano inoti, "Ameni."-Ed] Zvakanaka.

Zvino, nhongonya yokuparadzwa yokuparadzwa isati yasvika, Mwari Akazviratidza kuna Abhurahamu muzvimiro zvakanwanda, asi pakunguva iyi Akazviratidza SoMunhu. Aiva Munhu. Uye iye akauya kuna Mwari...

Zvino, imi moti, "Akanga asiri Munhu." Aiva-aiva-aiva Mwari MuMunhu Uyu. Abhurahamu AkaMudaidza kuti, "Elohim." Aiva Munhu.

Uye tarirai. Akagara pasi, Akapira musana Wake kutendhe, uye Iye Akati, "Aripiko Sarah, mudzimai wako?"

Akati, "Ari mutendhe, raMakafuratira."

Akati "Ndichakushanyira maringe nenguva youpenyu, iyo yanadakakupa vimbiso pairi." Uye Sarah akaseka. Uye Iye Ndokuti, "Nemhaka yei Sarah aseka?" Maona?

73 Zvino ndizvo zvakanwanda zvichiitika muzuva iroro. Mukungoratidza icho chiratidzo chokugumisira chakaonekwa naAbhurahamu, boka ravaSanangurwa rakatsauka, kure neSodhoma. Zvino, musapotsa chirahwe ichi, pane zvose zvamungaita henyu. Boka rakanga ratsaurwa iri, rakanga risirs muSodhoma, pakutanga kwazvo. Asi vamwe Vatumwa vaviri vakaenda Sodhoma. Uye Vakati Vasvika ikoko, tinoona Roti. Uye Akamuwana ari muchinhanho chokudzokera shure, kuine hungochani hwose uye nokushonyoroka. Nyaya yacho munoiziva. Asi Ariko mumwechete Akasara Aina Abhurahamu, aiva Elohim. Vandoparidza Shoko ikoko. Kuparidzwa KweShoko kwakavarova noupofu, uye havana kugona kuona musiwo. Ndizvowo zvazviri nhasi. Asi Uyo Akange asara aine boka revakatsaurwa, Akaita munana mberi kwaAbhurahamu, kuti aratidze kuti Aiva Ani, uye akanga aina Abhurahamu.

Iye Akati, "Nemhaka yei Sarah aseka (maringe nenyaya yomwana uyu)? Zvino Sarah wakauya ipapo ndokutaura achiti akange asina kuseka. Uye Akati, "Waseka." Uye Iye Angadai akamuuraya ipapo dai akange asiri chikamu chaAbhurahamu. Ndizvowo kuti Mwari Angadai Akatiuraya dai takanga tisiri chikamu ChaKristu. Tsitsi DzaKristu ndidzo dzinotichengeta pamwechete, isu vapokani uye vashonyorori veMuShoko.

74 Asi cherechedzai. cherechedzai zvakanwanda. Jesu Anodzokazve zvino, uye oti, "Sezvazvaiva mumazuva aRoti, ndizvo zvazvichava munguva dzokuguma apo Mwanakomana womunhu paachatanga kuZvizarura Iye Pachake." [Tepi inonyarara-Ed].

Mwanakomana womunhu nguva dzose muBhaibheri, muporofita. Maona? Iye wakauya Muzita romwanakomana rutatu urwu: Mwanakomana womunhu, Mwanakomana WaMwari, Mwanakomana waDhavidhi. Maona? Uye Iye Wakataura Zita Rake Achiriti, "Mwanakomana womunhu," nekuti ndiro basa raAkaita, romuporofita, anoona zviri mberi. Iye Akati, "Mumazuva ayo akafanana neakanga aina Noah, apo Mwanakomana womunhu paachatanga kuZvizarura Iye Pachake, ndidzo nguva dzokuguma."

75 Zvino ngatimbofungai nezvazvo, kweminiti imwechete. Hazvina kumboitika kuti pasi rino rose rive nenhume yepasi rose. Takava navanaFinney, Knox, Calvin, nevamwe, kwose-kwose panyika, idzo nhume kukereke mumarwadzo aya okubereka. Asi hatina kumbova nomunhu akava nemharidzo yokuenda nayo pasi rose, dakara muzuva ranhasi, aine zita rake rinopera namavara anoti h-a-m. A-b-r-a-h-a-m, anova mavara matanhatu... A-b-r-a-h-a-m mavara manomwe. Tinaye umwe anezita G-r-a-h-a-m, mavara matanhatu, uye nhamba yetanhatu inomirira nyika, zuva rokusikwa kwayo. Nyika yakambova nomunhu riini ari mairi ikozvino, arikuparidza ari muchivakwa chayo, imomo munyika, imomo achidaidza vanhu kuti vabude mairi, "Tendeukai, tendeukai! Parara hako, kana kuti buda mairi," dakara chizvarwa chino? G-r-a-h-a-m, tarirai zvaarukuita, arikuparidza Shoko, achipofomadza varikunze, achidanidzira, "Budai," iyo nhume kubva kuna Mwari. Jesu wakati izvi zvinoitika munguva idzo Mwanakomana womunhu paachatanga kuZvizarura Iye Pachake. Zvino, izvi, zvava kuwanikwepi? Kunze uko muhurongwa hwamakereke, munyika. Uye ivo vanotanga kuvenga munhu uyu, nokuda kwazvo.

76 Asi muranagrire, rakanga riripo boka, zvakanwanda, raiva riri boka romweya, iro boka raJakobho, kwete riya-riya raiva boka raIsau. Raivako boka raJakobho rakanga richitsvaga mwanakomana, rakanga risiri muBhabhironi, uye rakagamuchira Nhume. Mazvinzwisisa? {Ungano inoti "Ameni."-Ed.] Abraham, A-b-r-a-h-a-m, vakagamuchira Nhume. Zvino Nhume iyi, chaiva chii chinhu chikuru, chinoshamisira ChaYakaita, kuratidza kuti dzakanga dzava nguva dzokuguma? Iye Wakanzvera pfungwa dzemoyo dzaiva muna Sarah. Uye Jesu, Mwanakomana WaMwari, akaitwa nyama, Akaratidza kuti Mweya WaMwari Waizodzoka kuti Upinde mukaBoka kaduku kevasanangurwa vari munguva dzokuguma, uye Ozvizarura Iye Pachake nenzira imwecheteyo.

Marwadzo okubereka. Oh, hama, edzai kunzwisisa ndapota. Edzai nekukwanisa kwose. Zarura moyo wako kweminiti iwechete. Utarire kuna Kristu. Mwari Mumwechete Aripano ikozvino. Iye Mumwechete Uya. Akavimbisa zvinhu izvi. Uye kana Akazvivimbisa, zvirokwazvo Anokwanisa kuzviita. Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguva. Ndinoda kuti umbofunga, zvane kurevesa.

77 Baba, zvava mumaoko Enyu zvino. Ndaita zvose zvandingakwanisa. Ndinonamata kuti Mubatsire

vanhu ava ku-kunzwisisa. Iyo Mbeu yadyarwa. Dirai mvura, iwo Mweya, pamusoro Payo, Ishe, uye MuIdiridzire kuitira Kubwinya Kwenyu. Kana ndine pandaite mhoshho, Ishe, ndanga ndisingadi kudaro. Ndinonamata, Mwari, kuti-kuti Mupe dudziro chaiyo pazviri, kumoyo yavo, kuti vagogona kuona uyewo nokunzwisisa. Ngazviitwe, Ishe. Muzita RaJesu, ndinonamata. Amen.

Ishe akuropafadzei. Ndinokudai. Mwari Uyu Aparidza Shoko Iri, Mwari Iyeyu Anemungava pamusoro PeShoko Iri... Ini ndingori nemungava wekuRitaura bedzi. Iye Ndiye Anofanira kuita kuti Rive Rinorarama. Mwari Mumwechete Iyeye Aripano.

Zvino, vangani variko vanezvikumbiro? Simudzai ruoko. Akavimbisa here kuita zvinhu izvi mumazuva okuguma? Zvino chitarirai kwandiri. Zvino zvafanana naPetro naJohani vakati, "Titarise." Kuita sokunge... Maona? Akamuudza. Zvino chitarira kuno. Zvino, ndapota musafamba-famba. Izvi zvino... Ndiri-ndirikuedza, nomoyo wangu wose mandiri. Nyatsoremekedzai chaizvo. Maona? Umwe noumwe wenyu, mweya, kana mofamba. Ichokwadi kuti, murivanhu vamwe. Ndirikuedza kubata kutenda kwavanhu.

Mumwe mudzima muduku akapfuura nepo uye akabata hanzu Yake, akaenda uko ndokugara pasi. Jesu Akamuudza zvaiva dambudziko rake, uye iye akapodzwa. Uye Akavimbisa kuita zvimwechete zvakare, Mwanakomana womunhu Aizozvizarura Iye Pachake SeZvaakaita panguva yeSodhoma. Nyika iri muchimiro chimwechete ichocho zvakare. Kereke iri muchimiro chimwechete zvakare. Zvino Mwari Akachengeta Shoko rake here? Uzvitarire uone kuti Akarichengeta here, kana kuti kwete. Oh, takava nezviratidzo, kukwakuka, kutaura nendimi, chiporofita, nezvimwe zvakadaro. Asi, chimbomira, chiriko chimwe chiratidzo. Oh, kune kuteedzerwa kwakawanda kwomunyama. Izvozvo zvinoita kuti icho chechokwadi chinyatsopenya. Dhora renhema rinofanira kuita kuti rechokwadi rinyatsopenya.

78 Zvino unamate. Utende. Chingoita saizvozvo, ndino-ndinokuraira kuti udaro. Iwe utarire, uye utende izvo zvanadakuudza. Vangani vanozvitenda kuti Ichokwadi? [Ungano inoti "Ameni."-Ed.] Hazvina basa kuti uriani, kana kuti uripi. Ndichango... Munhu wose arimuno, sokuziva kwangu, handimuzivi zvachose, kunze kwaBill Dauch uye nomudzimai wake vagere apo, sokuziva kwangu. Ndinofunga kuti ndinoziva muparidzi muduku uyuwekuGermany, agere apo. Uye, hama, uye vanhu vaviri kana vatatu vagere apo. Mumwe munhu nechekumashure uko muungano, hona-ka, kumashuresa uko. Ndinokuraira kuti utende kuti zvanadakuudzai ndicho Chokwadi!

Chii chakaitika apo Mutumwa WaShe akaburukira mhiri uko kworwizi, makore makumi matatu namatatu apfuura, uye akataura chitaurwa ichi? Ndakazviziva sei? Uye mufundisi wangu wechiBaptist akandidzinga mukereke, akati, "Waka-wakava nehope mupengo, Billy."

Ndakati, "Hope mupengo, kweteka, Dr. Davis. Kana iriyo nzira, kana ariwo maonero amunoda kuzviita, munogona henyu kutora kadhi rangu iri rokuyanana nemi." Ndakazviziva kuti kunozova noumwe munhu, pane imwe nzvimbo, aikwanisa kuzovitenda. Mwari HaVangatumiri Mharidzo yoshaiwa anozoItenda. Oh, zvechokwadi, pandakafamab ndichinamatira vanorwara, zvaiva zvakarinagna. Asi pandakatanga kukuudzai Chokwadi CheShoko, zvino zvakava nomutsauko.

Munofanira kuzviziva. Mharido yoga-yoga yakafama saizvozvo.

79 Jesu Akaonekwa seAkanaka paAkapinda mukereke uye Akapodza vanhu, uye nezvimwe zvose. Asi Akati Agara pasi rimwe zuva, uye Ndokuti, "Ini NaBaba Vangu tiri vamwechete," oh, izvozvo bedzi, ndizvo zvakakonzeresha. "Kunze kwokunge madya nyama yoMwanakaomana womunhu, nokunwa ropa Rake, hamuna Hupenyu mamuri." Iye Haana kuzvitsanangura Izvi. Aida kuona munhu uyo aizomira Naye. Ndizvozvo. Munofungei pamusoro pazvo, paine-paina mhomho yaiva nanachiremba mairi uye nezvimwe zvose, vakati, "Munhu Uyo ndi... Nei, Ndizidyavahu. Isu tidye nyama Yake uye kunwa ropa Rake?" Haana kumboZvitsanangura. Haana kumboZvitsanangura. Asi, zvakangodaro, Shoko Irero Rakaramaba Riine chirevo, kuvapostora ava. Vakanga vasina basa nazvo. Havana kuRinzwisisa. VakangoRitenda, zvakadaro. Maona? Vakazviziva, nokuti vakange vaona Mabasa Ake Mwari, uye vakaziva kuti zvaiva saizvozvo. Iye Akati, "Ndiwo iwaya anopupura NeZvangu."

80 Heuno mudzimai agere apo, asimudza ruoko rwake, zvino, munogona kundaidza somupengereki, kana muchida henyu; asi Shongwe Yegore Remoto Imwecheteyo, yakatungamirira vana veIsraeri murenje, itipamusoro pomudzimai uyo.

Zvino, rangarirai, Jesu akati, "Kwechinguva chiduku uye nyika haizoNdioni, asi imi muchaNdiona. Ndakabva kuna Mwari. Ndinodzokera kuna Mwari," mushure mokufa Kwake, nokuvigwa. Akaudza maJudha. Iye Akati, "Ndino..." Ndiye Aiva Dombo Riya Raiva murenje. Akanga Ariye Shongwe Yegore Remoto, "NDIRI IYE WANDIRI." Aiva Aniko "Ndiri" Uyu? Shongwe Yegore Remoto Iya Yaiva mugwenzi rinopfuta. Ndizvo here? [Ungano inoti "Ameni."-Ed]. Uye Akaitwa nyama Akagara pakati pedu. Akati, "Ndakabva kuna Mwari, uye Ndinodzokere kuna Mwari, kuti Ndigodzoka muchimiro ChaMweya Mutsvene." Uye Heuno Aripano, pakati pedu nhasi, mifananidzo Yake inotorwa nezvikwanisiro zveScience. Heuno Aripano, kuzvisimbisa zvinopfura zvingaitwa nemifananidzo inotorwa nezvikwanisiro zveScience, chipi nechipi. Iye

Aripano, kuzvisimbisa, nekuti Inomiririra Iye. "Ini Mwanakoamana womunhu Ndichazarurwa muzuva iri." Zvino, Heuno Aripano. Ndakatotarira PaChiri ikozvino. Moti imi, "MunoIona here?" Johani akaIona, zvakare, asi vamwe vose havana.

81 Tarirai, kuzvisimbisa zvino. Mudzimai uyo handimuzivi. Handisati ndambomu-muona, muhupenyu hwangu. Asi ane chisina kumira zvakana nerimwe remakumbo ake chaari kunamatira. Ndi... Ichokwadi here, mudzimai. Wakambovhiyiwa pazviri. Uyo ndiye murume wako agere pedyo newe. Hamubvi munzvimbo ino. Munobva kuCarlifonia. Zita renyu ndiRoland. Dambudziko renyu romudumbu rapera, zvakare, changamire. Manga muine dambudziko romudumbu. Handizvo here? Zvakana, rapera zvino. Gumbo renyu rapodzwa.

"Muzuva iro Mwanakomana womunhu..."

Pano apo, pagere nechepano apo, murume uyo. Murume wechitema, pane zvisina kumira zvakana nemaziso ake. Iye anoita... Hongu. Iye, basa raanoita, pane zvaanoita maringe nemotokari, kuporisha motokari, anoporisha motokari dzipenye. Ndizvo. Maziso ako arikuwedzera kuipa. Wangozvutenda, handizvo here? Chimwe chinhu chisinganzwisike chaitika kwauri. Zita rako rokutanga ndiFred. Ndizvozvo. Zita rokupedzisira ndiConn. Ndizvozvo. Unotenda here zvino? Maziso ako haasi kuzokunetsa kubva zvino. Handisati ndamboona murume uyu, muhupenyu hwangu.

82 Murume ari nechese uko, haabvi muguta rino, zvakare. Anobva Carlifonia. Ane musana unorwadza. Changamire Owens. Ndimi. Ishe Jesu Wakupodzai.

Handisati ndamboona murume uyu, muupenyu hwangu, handina chandonoziva pamusoro pake. Ndirikungotevera Chiedza Icho KwaChinoenda. "Kana ukangotenda bedzi, zvinhu zvose zvinogoneka kune vanotenda."

Wechidiki agere apo, ane guvhu dende, akapfeka magirazi uye sutu yoruvira rwegireyi. Fred, Mwari Akupodza kana uchizvitenda. Unozvigamuchira here? Zvakana handisati ndambomuona, muhupenyu hwangu.

Amai Holden, vagere apo kubva paari, muine dambudziko ramaziso. Mudzimai uyu handimuzivi, handisati ndambomuona muhupenyu hwangu, asi ichokwadi. Maona? "Kana mukangotenda chete."

Munochemeri vahanzvadzi? Munorwara nokuvhunduka-vhunduka, chirwere chemapapu, dambudziko remoyo. Munotenda here kuti Mwari Anokupodzai? Imi mugere apo pokupedzesera pezvigaro. Kana muchitenda, nomoyo wenyu wose, Jesu Kristu Achakupodzai. Kuvhundukd-vhunduka kwose kuchabva pamuri, muchanzwa semadzokedzana kuchimiro chenyu chokutanga. Dhiyabhoru ari kukunyeperei. Munozvigamuchira here? Simudzai ruoko rwenyu zvino, muti, "Ndinozvigamuchira zvakadaro." Zvakana. Zvaperu zvino.

83 Chii? Kereke irikupindana namarwadzo okubereka. Haungadi here kutora sarudzo hyako ikozvino MuHupo Hwake? Ndakuratidzai chaizvo zviru Shoko, izvo ZvaAkataura ndizvo ZvaAchaita. Muchivakwa chino chose, bvunza anai naani akambobatwa, kana kutaurwa naye, kana chipi nechipi, uye ugoona kuti ndakange ndakambovaona here, kuvaziva, kana chimwe chinhu pamusoropavo. Munofunga kuti munhu angazvikwanisa here? Hazvigoneki zvachose kuti zviitike. Zvakana, Chii Chinozvita? Mwanakomana womunhu. "Shoko rinocheka kudzarika munondo unocheka nakose, kunzvera mweya, izvo zvakavanzika zvemoyo." Sezvarakanga Riri PaRakaitwa nyama pano panyiak, muMwanakomana WaMwari, zvino Rava kuzarurwa noMwanakomana WaMwari mukuuya KwaAkaita kuzodana Mwenga abude muhurongwa hwavanhu.

"Budai mazviri. Zvipatsanure, ndizvo zvinotaura Mwari. Regai kubata zvinhu zvavo zvetsvina, uye Mwari Anokugamuchira." Wakagadzirira kupira hupenyu hwako hwose here kuna Mwari? Kana wakadaro, simuka netsoka dzako, uti, :Ndinoda, nyasha DzaMwari, uMugamuchire ikozvino, nezvose zviru mandiri."

84 Hallelujah! Mwari Arumbidzwe! Munotenda MaAri here? [Ungano inoti "Ameni."-Ed.] Zvino ingosimudzai maoko enyu uye munamate pamwechete neni. Reurura kukanganisa kwako. Marwadzo okubereka! Zvakaoma kufa, asi ifa ikozvino. Ifa, buda mukusatenda kwako. Buda makuri. Iri Ishoko RaMwari RaRatidzwa, seZvarakaitwa apo Jesu Akauya panyika. NdiJesu Kristu zvakare pakati penyu. Aratidzwa.

Abhurahamu akagamuchira mwanakomana ipapo-ipapo, mushure mokunge zvaitika. Uye Jesu Anouya zvakare. Uyu Ndiwo Mweya Wake. Avapedosa nyenya, pedosa nokuuya, mukuti Iye Akagadzirira kukugamuchira, kana wakagadzirira kuMugamuchira. Zvino simudzai maoko enyu uye munamate pamwechete neni.

85 Ishe Mwari, tenderai vapurisiti vose vabatire paaritari. Tenderai vanhu vadzidzire. Dai Shongwe YeGore Remoto uye Shongwe YeGore zvafamba kupinda muvanhu nhasi uye zvivape kudzikama, Ishe, kuti vacherechedze Hupo HwaMwari Samasimba Anorarama. Ngazviitwe, ishe. Vagamuchirei. Ndinomatira umwe naumwe wavo munamoto uno., MuZita RaJesu Kristu. Zadzai umwe noumwe

NoMweya Mutsvene, asina Mweya Mutsvene. Ishe, dai rumutsiriro rwemisangano uyu, musangano uno, rwabvoorera kuva chiitiko chikuru, chinesimba rokudururwa KwoMweya Mutsvene. Vanorwara dai vapodzwa, mapofu agoona, zvirema zvifambe. Dai kuratidzwa KwaMwari Anorarama kwaunzwa muhupohwavanhu, sezvazvaita masikati anhasi, uye dai vanhu vazvigamuchira. MuZita RaJesu Kristu, ndinozvikumbira.

Simudzai maoko unyu zvino uye muMurumbidze, uye mugamuchire zvamunokumbira.



www.messagehub.info

Mharidzo Na
William Marrion Branham
"... mumazuva eShoko ..." Zvak. 10:7